ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет
Газета Парламента и Правительства КБР

1924 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм и 1 лъандэрэ къыдокI

№№127-128 (22.286) ● 2012 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 7, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Жаным А. Б. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным и Iуэхум хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Жаным Аслъэн Борис и къуэм** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и командэ къыхэхахэр спортым щыхуагъасэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м*
*№102-УГ*

● КъБР-м и Iэтащхьэ



*Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

# ФIы ещIэ

**Хабзэу зэрыувам тету, Къанокъуэ Арсен иригъэблэгъащ я щхьэ IуэхукIэ къыхуэкIуа цIыхухэр. Республикэм и Iэтащхьэм зыкъыхуагъэзащ щытыкIэ гугъу къихута унагъуэхэм, сабий куэд зыпI адэ-анэ ныбжьыщIэхэм. Языныкъуэхэр хуейт республикэм и къулыкъущIэ нэхъыщхьэм езыхэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэ гуэрхэмкIэ ечэнджэщыну.**

ЯПЭРЕЙ лъэIуакIуэр Къэхъун къуажэ къикIащ. МафIэсым Iисраф ищIащ Бжыхьэ Борис и унэр. Абы къыхэкIыу ар щIэрыщIэу яухуэжын хуейщ. Къанокъуэ Арсен къигъэгугъащ унэр зэфIэгъэувэжыным текIуэдэну мылъкур иритыну.

Тэхъу Жаннэ КъБР-м и Iэтащхьэм елъэIуащ и пхъум дохутырхэр иригъэIэзэн папщIэ дэIэпыкъуну. ЖытIэнщи, хъыджэбзым иджыблагъэ къихьэхуащ «Бизнес нэхъыфIым хуэгъэпса гупсысэ» грантыр. Ар хуейщ и проектым пищэну, игъэкI мамкъут хьэсэхэм зригъэубгъуну. Къанокъуэ Арсен КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр Мусуков Алий занщIэу пщэрылъ щищIащ Iуэхум къыхыхьэну. Иужьрейр цIыхубзым хуэзэри, ар щигъэгъуэзащ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэм зегъэужьыным тещIыхьауэ мы зэманым щыIэ Iэмалхэм. КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм щепсалъэм Тэхъу Жаннэ жиIащ къыхуащIа гулъытэм, «къадэIэпыкъун папщIэ яхузэфIэкI къызэрамыгъанэм» щхьэкIэ республикэм и унафэщIхэм хуабжьу зэрахуэарэзыр. «Уэ узыхэт гугъуехьхэр республикэм и Iэтащхьэм зэрызэхищIыкIыр плъагъуну гуапэщ. Хэбгъэзыхьмэ, абы чэнджэщ къыдитащ етхьэжьа Iуэхум зедгъэужьыным хуэгъэзауэ», - жиIащ Аруан районым щыщ цIыхубзым.

Балигъ мыхъуа быницым я анэ Балъкъыз Лерэ КъБР-м и Iэтащхьэм и деж къэкIуащ Дзэлыкъуэ куейм щыщ Зольскэ къуажэм къикIри. Унагъуэр гугъу йохь, къырагъэжьа унэр и кIэм нагъэсыфыркъыми. Къанокъуэ Арсен мы Iуэхури гулъытэншэу къигъэнакъым - унагъуэм ахъшэкIэ ядэIэпыкъунущ. «Сэ Къанокъуэ Арсен си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ цIыхухэм яIущIэну икIи ядэIэпыкъуну зэман къызэригъуэтым папщIэ», - жиIащ Балъкъыз Лерэ, егъэблэгъапIэм къыщIэкIыжа нэужь.

Налшык щыщ Джэрыджэ Руслани гузэвэгъуэм къигъэкIуащ. Абы и Iыхьлы хъыджэбзыр хьэлъэу сымаджэщ. Мы зэманым нэгъуэщI къэралым къыщрагъэIэзэн папщIэ абы ахъшэ хузэхуахьэс. Къанокъуэ Арсен мурад ищIащ унагъуэм мылъкукIэ зыщIигъэкъуэну.

**ЩОКЪАРЭ Залинэ,**
*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.*

# АдыгэлI щэджащэм и иужьрей гъуэгуанэ

**Нало лъэпкъым и мызакъуэу, зэрыадыгэу игъэнэщхьеящ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ гъуэзэджэ, кавказ филологиемрэ этнокультурологиемрэ куэд хэзылэжьыхьа IэщIагъэлIхэм ящыщ зы, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, цIыхубэ тхакIуэ Нало Заур дунейм зэрехыжам. Абы Iуплъэжынухэр дыгъуасэ щызэхуэсат ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и пщIантIэм. Щыгъуэ пэкIум зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, Правительствэм, Парламентым я лIыкIуэхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, нэгъуэщI республикэхэмрэ крайхэмрэ къикIа хьэщIэхэм, лъэпкъ интеллигенцэм щыщхэм, Налом къыдэлажьэу, и ныбжьэгъуу щытахэмрэ и Iыхьлыхэмрэ. Псори щымт, иужьрей гъуэгуанэ трагъэувэ цIыху Iущым ехьэлIа гупсысэхэмрэ гукъэкIыжхэм дэтхэнэ зыри зэщIаIыгъэу.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIузыха икIи езыгъэкIуэкIа, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан** Правительствэм и Iэтащхьэм, депутатхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ щылажьэхэм къабгъэдэкIыу Нало Заур и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яхуэгузэващ. Апхуэдэуи ар кIэщIу тепсэлъыхьащ тхакIуэм и гуащIэмрэ и гъащIэмрэ.

- Нобэ дэ тхокIыж адыгэ лъэпкъым и къуэ пажэхэм ящыщ зы, тхакIуэ ахъырзэман, гупсысакIуэшхуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшыж, зи щIыналъэми лъэпкъми пэжкIэ яхуэлэжьа хэкупсэ Нало Заур. Абы къигъэщIа илъэсхэр укъызыхэкIа лъэпкъымрэ цIыхубэмрэ уазэрыхуэлэжьэн хуейм и щапхъэщ, - жиIащ министрым. - Илъэс 14 ныбжьым лэжьэн щIэзыдза, гугъуехьыр зыхэзыщIа щIалэщIэм фIэкIуэдакъым цIыхум къыдэгъуэгурыкIуэн хуей гуапагъэр, фIэщхъуныгъэр. Аращ абы и IэдакъэщIэкI тхыгъэхэм, лирикэ усэхэм, балладэхэм, шыпсэхэмрэ хъыбархэмрэ къыхэщ и лIыхъужьхэр езым ебгъэщхьу щIэпсэхьэлэлыр, пэжым щIрителъхьэр. Абыхэм я псэ къабзагъэм, дуней тетыкIэмрэ хьэл-щэнымрэ куэд къыхыбох.



● Щыгъуэ пэкIу

**Щыгъуэ пэкIум хэтщ КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, абы и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, республикэм и Правительствэм и Тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Жылэ Валерий.**

Ди тхакIуэ цIэрыIуэхэу КIуащ БетIал, Нало Жансэхъу, Къылышбий Исмэхьил, Елбэд Хьэсэн сымэ я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъу дунейм къытригъэхьахэм, ЩоджэнцIыкIу Алий, ПащIэ Бэчмырзэ, Агънокъуэ Лашэ, нэгъуэщI куэдми я гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ къыщигъэлъэгъуэжа тхылъхэм папщIэ Налом фIыщIэшхуэ хуэтщIыпхъэщ. Сыт и уасэ абы и «Институт джегуако» монографие телъыджэр, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIар?! Заур фIыщIэу бгъэдэлъыимрэ и гуащIэм и инагъымрэ я гугъу пщIыныр жэщ-махуэкIэ пхуэухынукъым, ауэ иджыри зы Iуэхугъуэ къыхэзгъэщынут. Зауэ лыгъэр къэлыдынкIэ шынагъуэшхуэ щыщыIа 1990 гъэхэм ди республикэр гузэвэгъуэм щызыхъумахэм ящыщщ Нало Заур. Абы и псалъэм, и акъылымрэ IуэхущIафэхэмрэ я мыхьэнэр инщ зауэ гузэвэгъуэ хэхуа щIыналъэ куэдхэм ящыщ зы ди хэкур зэрымыхъуамкIэ.

Художественнэ псалъэм «и пащтыхь», щIэныгъэлI цIэрыIуэ, цIыху набдзэгубдзаплъэ, ныбжьэгъу пэж, егъэджакIуэгупсысакIуэ Нало Заур и къалэн нэхъыщхьэу щытар цIыхугъэм и нэхур къыбгъэдэт псоми ялъигъэIэсынырти, шэч хэмылъу, ар къехъулIащ. Ди хэкум и къуэ пажэр нобэ тхокIыж, ауэ абы и IуэхущIафэ дахэхэмрэ тхыгъэ купщIафIэхэмрэ къытхуонэ, езыри ди гум зэи ихунукъым.

АдэкIэ Фырэм псалъэр иритащ Абхъаз Республикэм щыщ тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ **Аламиа Геннадий**.

- Куэдым сыхуэзыгъэса си ныбжьэгъу пэжщ, си егъэджакIуэщ Заур. КъызжиIам щыщу гулъытэшхуэ зыхуэзмыщIаи си талантыр зыхурикъуаи щыIэгъэнщ, ауэ си дежкIэ нэхъыщхьэращи, лIыгъэ къысхилъхьащ. Зы мазэ и пэкIэ сыкIуат Налом деж. Абхъазым и гугъу ищIу, и ныбжьэгъухэм тепсэлъыхьу куэдрэ дыщысат, и къарур пэмылъэщу, и нэпсри къыфIекIуат. СыкъыщыщIэкIыжым абы къызитащ и стIолыщхьэм тета и сурэтышхуэр, си унэ щIэтыну зэрыфIэфIыр къызжиIэри. Ар сэ псэм хуэсхьу, си ныбжьэгъум и фэеплъу схъумэнущ, - жиIащ абы. - ГъащIэм мыхьэнэ имыIэжу къыпщызыгъэхъу гуауэщ мыр, дызэтезыIыгъэр тхэкIыж цIыхур тщымыгъупщэу ди гум зэрилъынурщ.

ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэу щыпIэ куэдым къикIахэм къабгъэдэкIыу щыгъуэ псалъэхэр жиIащ, Налом пхиша лъагъуэм тепсэлъыхьащ, абы ирикIуэн хуейуэ къызыпэщылъ тхакIуэхэм жэуаплыныгъэу яхэлъын хуейр зэрыиныр къыхигъэщащ къыкIэлъыкIуэу пэкIум и къэпсэлъапIэр хуит зыхуащIа, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и секретарь **Голубничий Иван.**

- Ди республикэм къикIахэм, къэмыкIуэфа ди къуэшхэм къабгъэдэкIыу сыфхуогузавэ хэщIыныгъэ дгъуэтамкIэ. Заур и дунейм дыхагъэплъэжащ мыбдеж къыщыпсэльахэм, - жиIащ Къэрэшей-Шэрджэс телевиденэм и редактор **ЩакIуэ Мусэлий.** - Урысей, Кавказ, адыгэ литературэм увыпIэшхуэ щызыубыда «Къру закъуэм» фIэкIа и Iэдакъэм къыщIэмыкIами ирикъунт, Заур и цIэр тхыдэм къыхэнэну. Литературэм, щэнхабзэм, тхыдэм, лъэпкъ пшыналъэм лъэужь дахэ къыхэзына Налор нобэ тщхьэщыукIуриикIащи, догулэз, апхуэдэ тхьэмадэ дымыгъуэтыжыным дегъэгузавэ. Къру гупым я пашэр къарууншэ хъурэ къакIэрыхумэ, пашэ ягъуэтыжри я гъуэгум пащэ. Зэман дэкIми, апхуэдэу пашэ тхуэхъуфын лъэпкъым къытхэкIыну тхьэм жиIэ. Заур и зэфIэкIыр тщыгъупщэну зы Iэмал иIэкъыми, абы и дунейм ди щIэблэр хэзышэфын, абы дызыхуигъасэу щытам щызыгъэгъуэзэфын, лъэужь дахэ къытхуигъэнам ирикIуэфын дыхъуну си гуапэщ.

*(КIэухыр 2-нэ нап.)*

*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*



Аламиа Геннадий.



Голубничий Иван.



ЩакIуэ Мусэлий.

● Нобэ

## Селигер щызэхуос

**Нобэ «Селигер-2012» Урысейпсо щIалэгъуалэ зэхыхьэм хэтыну йожьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ныбжьыщIэхэр.**

ЩIАЛЭХЭМРЭ хъыджэбзхэмрэ абы щыIэнущ бадзэуэгъуэм и 9-м къыщыщIэдзауэ и 17-м нэс. Мы гъэм Селигер щыхьэщIэнущ Урысейм и щIыпIэ псоми икIа цIыху мин 20-м щIигъу. Ар къызэрагъэпэщащ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ «Дыдейхэр» щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэхэр цIыху 20 мэхъу. КъБР-м и щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зыхэтыну къыхахар «ФIы зэрыпщIэну щIыкIэр», «Информацэ» IэнатIэхэрщ. Япэрейм зришалIэр нэгъуэщIхэм я гугъуехьхэм гудзакъэ яхузиIэ ныбжьыщIэхэрщ. ЕтIуанэрей къудамэм журналист ныбжьыщIэхэр куэдым щыхуауций. Иужьрейхэр апхуэдэу яIущIэнущ СМИ-хэм я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм.

**ЦЕКЪУ ПIатI.**

## Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУЛЪХЬЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхухэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

■ ЗэIущIэхэр ■ Литературэ ■ Ди хьэщIэщым

## КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

### Дунейм щыхъыбархэр

#### Нэхъ унэ лъагэ дыдэ

**Лондон къыщызэIуахащ Европэм и унэ нэхъ лъагэ дыдэр - метр 310-рэ хъур. ГуфIэгъуэ Iуэхухэм хэтащ ухуэныгъэм текIуэдам и процент 95-р яхуэзыутIыпща къэралхэм ящыщхэр - шейх Хамад бин Джасим аль-Танирэ Катарым и премьер-министрымрэ.**

Проектыр ягъэхьэзырат 2002 гъэм. АрщхьэкIэ 2008 гъэм дунейр зэщIэзыубыда экономикэ кризисым и зэранкIэ ар гъэзэщIэным пэмылъэщ хъуащ. Унэшхуэм доллар мелуан 705-рэ текIуэдащ. Абы и пэкIэ Европэм щынэхъ лъагэу къалъытэу щытащ «Москва» чэщанэр - метр 302-рэ.

#### ТекIыну къыхуадакъым

**Украинэм и Парламентым дыгъуасэ идакъым Радэ Нэхъыщхьэм и спикер Литвин Владимир и къулыкъум текIыну къызэрылъэIуам хэплъэн.**

ЩIыналъэхэм я партым и фракцэм и Iэтащхьэ Ефремов Александр Iэ яIэтын и пэкIэ къыхигъэщхьэхукIащ спикерыр и къулыкъум текIыным и Iуэхум хэплъэныр пасэIуэу къызэрилъытэр. Ефремовым жиIащ унафэщI къулыкъум пэрыува дэтхэнэми къыгурыIуэн зэрыхуейр гугъуехьхэм зэрыIууэнур. Ахэр и фэм дигъэхуэфынрэ димыгъэхуэфынрэ зэпишэча нэужьщ ар и къулыкъум пэрыхьэн щыхуейр.

Литвин и къулыкъум текIыну зэримурадыр жиIащ, урысыбзэм и зэфIэкIыр къэралым и щIыналъэ зыбжанэм щыгъэбыдэным теухуа хабзэм и проектыр парламентым къищтэмэ.

#### Аргуэру илъэс 50-кIэ

**Аргентинэм и судым унафэ къищтащ диктатору щыта Виделэ Хорхе илъэс 50-кIэ лъэхъуэщым исыну.**

Ар ягъэкъуаншэ езым и политикэ ныкъуэкъуэгъухэм я сабийхэр идыгъуу зэрыщытамкIэ, арщхьэкIэ а унафэм Аргентинэм и Iэтащхьэу щытам и дежкIэ зыри зэрихъуэкIыркъым. Илъэс 87-рэ зи ныбжь Виделэ игъащIэкIэ щысыну ягъэтIысащ цIыхугъэм и бийуэ илэжьа щIэпхъаджагъэхэм щхьэкIэ. Властыр щыIэщIэлъа 1976 - 1981 гъэхэм ар къыпэщIэтхэм хуабжьу гущIэгъуншэу яхущытащ. Виделэ цIыху мин 30-м нэс иригъэукIауэ къалъытэ.

#### Фадэм зэрыпэщIэт Iэмал

**УФ-м и Къэрал Думэр етIуанэ еджэгъуэу хэплъащ фадэм рекламэ хуащIу зымыдэну хабзэм и проектым. Апхуэдэ рекламэ СМИ-хэм, интернетым щыIэнукъым 2013 гъэм къыщыщIэдзауэ (хабзэр къызэдащтэмэ).**

Къэрал Думэм экономикэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Руденский Игорь зэрыжиIэмкIэ, мы Iуэхур зытращIыхьыр ефэр нэхъ мащIэ щIынырщ, псом хуэмыдэу щIэблэр абы щыхъумэнырщ.

# Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 7, *щэбэт***

- **Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 49-нэ сессием и унафэкIэ (1994) бадзэуэгъуэм и япэ щэбэтым ягъэлъапIэ.
- **Шоколадым и европэпсо махуэщ.** 1550 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Испанием къэсащ Америкэм къраша апхуэдэ IэфIыкIэр. Европэ союзым хэт къэралхэм щагъэлъапIэ.
- Илъэс 75-рэ и пэкIэ (1937) щIидзащ китай цIыхубэм милитарист Японием и залымыгъэм и бийуэ иригъэкIуэкIа лъэпкъщхьэхуитщIыжакIуэ зауэм.
- Илъэси 150-рэ и пэкIэ (1862) яубыдри, Петропавловск быдапIэм яшащ урыс революционер-демократ **Чернышевский Николай**. Абы лъэхъуэщым щитхащ «Сыт щIэн хуейр?» романыр. ИужькIэ Сыбырым ягъакIуэри, илъэс 20-м щIигъукIэ щыIащ.
- Илъэси 125-рэ и пэкIэ къалъхуащ урыс, франджы сурэтыщI цIэрыIуэ **Шагал Марк** (1887-1985). 1923 гъэм къыщыщIэдзауэ Франджым щыпсэуащ.

**Дунейм и щытыкIэнур:**

Налшык уэшх мащIэ къыщешхынущ, хуабэр градус 23 - 25-м щынэсынущ.

**Бадзэуэгъуэм и 8, *тхьэмахуэ***

- **Урысейм и ВВС-хэм я зенит ракетэдзэхэм я IэщIагъэлIым и махуэщ**.
- Илъэс 85-рэ и пэкIэ (1927) къызэрагъэпэщащ уэчылхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.
- Бадзэуэгъуэм и 8-15-хэм Ереван (Армение) щекIуэкIынущ, «Дыщэ хуэрыджэ» къэрал зэхуаку кинофестивалыр.
- Илъэс 80 и пэкIэ лIащ урыс тхакIуэ цIэрыIуэ **Грин Александр** (1880-1932).
- КНДР-м щагъэлъапIэ социалист Кореер къызэзыгъэпэща **Ким Ир Сен** (1912-1994) и фэеплъыр.

**Дунейм и щытыкIэнур:**

Налшык уэшх мащIэ къыщешхынущ, хуабэр градус 24 - 26-м щынэблагъэнущ.

**Бадзэуэгъуэм и 9, *блыщхьэ***

- **Аргентинэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхъуа махуэщ** (1816).
- Илъэс и пэкIэ (2011) Судан Ипщэ Республикэр къэрал щхьэхуэу къалъытащ.
- Илъэси 10 и пэкIэ (2002) Дурбан (ЮАР) лэжьэн щIидзащ Африкэ Союзым. Абы зэрихъуэкIащ Африкэ зэкъуэтыныгъэм и организацэу (ОАЕ) 1969 гъэ лъандэрэ утыку итар.
- Бадзэуэгъуэм и 9 - 27-хэм Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ ООН-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и комитетым и 105-нэ зэIущIэр.

**Дунейм и щытыкIэнур:**

Налшык уэшхышхуэ къыщешхынущ, пшэ щытелъынущ, хуабэр градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Гупым уэ зыкъыбдригъэкIунукъым, уэ зыдебгъэкIун хуейуэ аращ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### Сом мелуан 450-рэ хухах

АДЫГЕЙ. ***ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм зегъэужьыным мы гъэм сом мелуан 450-рэ хуаутIыпщынущ республикэм и властхэм.***

АДЫГЕЙМ УхуэныгъэмкIэ, транспортымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ, гъуэгу IэнатIэхэмкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, а мылъкум и Iыхьэ щанэр къат куэду зэтет унэхэр зэгъэпэщыжыным, цIыхухэр кхъахэ хъуа псэупIэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыным трагъэкIуэдэнущ. КъищынэмыщIауэ, сом мелуан 62-м щIигъу хухахынущ къуажэхэм зауэжыным.

### «Ислъэмейр» Лондон макIуэ

***Адыгейм цIыхубэ уэрэдымкIэ и «Ислъэмей» къэрал ансамблым «Сочи Центр» щэнхабзэ программэм хэту Лондон зыкъыщигъэлъэгъуэнущ XXX Олимп, XIV Паролимп Гъэмахуэ джэгухэм къекIуэлIэну хьэщIэхэм папщIэ.***

«ИСЛЪЭМЕЙР» Лондон зэрыкIуэнум текIуэдэну мылъкур республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий и унафэкIэ правительствэм хухихынущ. Нэхей Аслъэн къызэригъэпэща икIи зи унафэщI ансамблыр фестиваль зэмылIэужьыгъуэхэм я лауреатщ, адыгэхэр щыпсэу къэралыгъуэ куэдым щыIащ. Абы адыгэ уэрэди 100-м щIигъу егъэзащIэ.

### Илъэс 90 ирокъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Мы щIыналъэм щыпсэухэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм, Къэрэшей-Шэрджэс автоном областыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 зэрырикъум ятеухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр республикэм щокIуэкI.***

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и унафэкIэ бадзэуэгъуэм и 6-р зыгъэпсэхугъуэу ягъэуващ. Дыгъуасэ гуфIэгъуэ зэхыхьэ нэхъыщхьэхэр екIуэкIащ. Дыгъуэпшыхь «Нарт» стадионым зыкъыщагъэлъэгъуащ КИФЩI-м, урысей эстрадэм я уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм. Абыхэм яхэтащ Къэзан Сэтэнейрэ Маликов Дмитрийрэ.

### Алтай крайм дэлэжьэнущ

***Къэрэшей-Шэрджэс Республикэмрэ Алтай краймрэ цIыхухэр лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныкIэ я IуэхущIапIэхэр зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ.***

АР ЗЫХУЭГЪЭЗАР лэжьыгъэ къэзылъыхъуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъунырщ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

# Нэгъуэщ1ым хагъэхьэнукъым

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Гертер Иванрэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ «Дыщэ дэ цIыкIу» сабий сад №25-м.**

МЫ ЗЭМАНЫМ а IуэхущIапIэм щаIыгъщ зи Iэпкълъэпкъыр къызыдэмыбз, псантхуэ (нерв) уз хьэлъэ зиIэ сабийуэ 79-рэ. ИпэIуэкIэ республикэм и Правительствэр хэплъауэ щытащ сабий садыр Психолого-медико-социальнэ республикэ центрым хагъэхьэным и Iуэхум. Мурадыр хуэгъэзат IуэхущIапIитIым я зэфIэкIыр сабийхэм нэхъыфIу еIэзэн папщIэ къагъэсэбэпыным.

АрщхьэкIэ республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен псэуныгъэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэм, псом хуэмыдэу ахэр сабийхэм щегъэщIылIам и деж, нэхъ кууэ егупсысауэ бгъэдыхьэн хуейуэ къызэригъэувам къыхэкIыу, кIэух унафэ къащтэн и пэкIэ Гертер Иван мурад ищIащ «Дыщэ дэ цIыкIум» щыIэ щытыкIэм езым и щхьэкIэ щыгъуазэ зыхуищIыну.

Премьерым къиплъыхьащ IуэхущIапIэм и псэуалъэ псори, иужькIэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрым пщэрылъ щищIащ сабий спорт IэмэпсымэхэмкIэ, дохутыр пэшхэмрэ шхапIэмрэ иджырей оборудованэхэмкIэ къызэгъэпэщын и лъэныкъуэкIэ ядэIэпыкъуну. Правительствэм и УнафэщIым сабий садым и директор Мэшыкъуэ ФатIимэ къигъэгугъащ псыгуэн (бассейн) гъущэрэ тренажерхэмрэ къахуригъэщэхуну. Абыхэм сымаджэхэр хуабжьу хуэныкъуэщ.

Правительствэм и Iэтащхьэм къихигъэщхьэхукIащ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр зэрамыгъэмэщIэнур. Уеблэмэ абы унафэ ищIащ абыхэм я бжыгъэм зы IэщIагъэлIкIэ хагъэхъуэну.

«Дыщэ дэ цIыкIур» езым ещхь нэгъуэщI IуэхущIапIэм хагъэхьэныр къемызэгъыу къалъытащ.

***КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

● КъБР-м и прокуратурэм

## ЩIыпIэхэм щаIуощIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрэ мэкъуауэгъуэм и 26 - 27-хэм Прохладнэ къалэмрэ Шэджэм районымрэ я прокуратурэхэм цIыхухэр я щхьэ IуэхукIэ щригъэблэгъащ.**

АХЭР зыщIэупщIэхэм жэуап щаритым, щыIэ законодательствэм щыубзыхуахэр яхузэпкърихащ, кIэлъыплъыныгъэм щIэту зэхагъэкI Iуэхухэм теухуауэ республикэм и прокурорым зэрызыхуагъазэ я тхылъхэр къаIихащ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

● Май куей

## Я жэрдэмхэр даIыгъ

**КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ, хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIумрэ курытымрэ ди республикэм зыщегъэужьыным икIи ахэр щыдэIыгъыным теухуа муниципальнэ программэхэм я зэпеуэ нэгъабэ ирагъэкIуэкIащ.**

МАЙ куейм и щIыпIэ администрацэм и лэжьыгъэр нэхъыфIу къалъытахэм ящыщщ. Иджы абы Iэмал иIэщ районым и хьэрычэтыщIэ ныбжьыщIэхэм защIигъэкъуэну. ЩIалэгъуалэм я деж бизнес-гъэпсыкIэ нэхъыфIхэм я зэпеуэ къыщыхалъхьати, ята тхылъибгъум ящыщу 7-р щытекIуащ. Апхуэдэщ нэгузегъэужьыпIэ центр хэту къызэIуахыну «Сказка» кафер. Проектыр зейр Емуз Жаннэщ. Абы къыщилъытащ экономикэ и лъэныкъуэкIэ иIэ ефIэкIыныгъэр и лъабжьэу, финанс Iуэхур зэпIэзэрыту зэрызэрихьэну щIыкIэр. ЦIыхуиблым IэнатIэ яритынущ. Мы зэманым кафем и кIуэцIыр зыхуей хуагъазэ. Абы фадэ щызекIуэнукъым, щIыхьэхэр псынщIэу щагъэшхэнущ. Сабий зыщIыгъу анэхэми едзэкъэнухэми тыншыпIэ щагъуэтынущ мыбы.

ЩIалэгъуалэм я жэрдэмхэм гъуэгу ягъуэт. Мыбдежым нэхъыщхьэр хьэрычэтыщIэ Iуэхум зи къарум щеплъыжыну хуей ныбжьыщIэхэм я жэрдэмхэр щIыпIэ властым зэрыдиIыгъырщ.

***Май муниципальнэ районым и администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

● Бахъсэн куей

## Япэ хэгъуэм щIадзэ

БАХЪСЭН къалэ округым и хозяйствэхэм гъатхасэр щрагъэкIуэкIа гектар 8076-м щыщу 5124-р гъавапхъэ, джэшхэкI къэкIыгъэхэм хухахащ. Процент 88,5-р нартыхум, гектар 1060-р гибрид хьэсэхэм яубыд.

Сэхураныр гектар 1216-м, мэкъумылапхъэхэр - 1200-м щызэрахьэнущ. Мы зэманым гуэдзу гектар 539-рэ, хьэуэ 290-рэ ягъэпшэр.

Мэкъу зэреуэ, гъавэр зэрыIуахыж техникэмрэ адрей Iэмэпсымэхэмрэ лэжьыгъэм хуэхьэзырщ. Псори зэхэту мэкъуу тонн мин 16 зэтралъхьэнущ, сенажу тонн мини 6 мащэхэм ирагъэзэгъэнущ. Махуэ гъунэгъухэм хьэцэпэцэр къехьэлIэжын щIадзэнущ.

**ТЫIЭЩ Элинэ.**

● Аруан куей

## ЦIыхухэр псэупIэкIэ къызэрагъэпэщ

**Нарткъалэ куэд мыщIэу щаухынущ фэтэр 33-рэ зыхэт унэр.**

ЗИ ЛЪАБЖЬЭР илъэс кIуам и шыщхьэIум ягъэтIылъа унэм лэжьыгъэ цIыкIуфэкIухэр иджыпсту щегъэзащIэ «Стройуниверсал» ухуакIуэ IэнатIэм. Абы и унафэщI Балъкъэр Вадим зэрыжиIамкIэ, лэжьыгъэхэр зы махуи зэпыуакъым. Унэм ирахьэлIэ пкъыгъуэхэр къанэ щымыIэу иджырей мардэхэм тетщ.

Унэ кхъахэхэм щыпсэухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным теухуауэ 2008 гъэм къащта федеральнэ программэм ипкъ иткIэ Нарткъалэ унэ етIуанэ щаухуэ. Мыбы и пэкIэ ятар фэтэр 13 мэхъу. КъыхэгъэщыпхъэщI, ухуэныгъэр зэрекIуэкIыр къапщытэну Урысейм и къалащхьэм къикIахэр лэжьыгъэмкIэ арэзы зэрыхъуар.

КъэпщытакIуэ комиссэм хэтхэм псом хуэмыдэу гунэс ящыхъуащ унэ къахэхэм къыщIагъэIэпхъукIхэр арэзы зэрыхъуным тещIыхьауэ пэшхэр зэраухуар. Абы теухуауэ фIыщIэ къыхуащIауэ щытащ лэжьыгъэр тэмэму кърахьэлIэным сыт щыгъуи зи нэIэ тезыгъэта Аруан куей администрацэмрэ унэр зыухуахэмрэ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

● Iуащхьэмахуэ куей

## Чэнджэщ щхьэпэхэр ират

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм илъэс кIуам къызэригъэпэщауэ щыта хъыбарегъащIэ-чэнджэщакIуэ центрыр тэмэму мэлажьэ. Иджыблагъэ мыбы и лэжьакIуэхэм Iуащхьэмахуэ куейр къызэхакIухьащ. Ахэр яIущIащ Гундэлэн, Iуащхьэмахуэ, Бедык жылагъуэхэм щыпсэухэм.**

КЪУАЖЭДЭСХЭР нэхъыбэу щIэупщIащ зыхузэфIэмыкIыж лIыжь-фызыжьхэм, бынунагъуэшхуэхэм, хуэмыщIауэ псэухэм, зауэм хэтахэм, зауэ нэужьым фызабэу къэнахэм къэралыр къазэрыдэIэпыкъур зыхуэдэмрэ абы папщIэ ягъэхьэзырын хуей дэфтэрхэмрэ.

Апхуэдэу пенсэм, лэжьапIэншагъэм ехьэлIауэ цIыхухэм къабгъэдэкIа упщIэхэм зэхэхауэ икIи гурыIуэгъуэу жэуап иратащ министерствэм и IэщIагъэлIхэм.

Центрыр къызэрыунэхурэ илъэс нэблэгъа къудейуэ аращ. А зэман кIэщIым къриубыдэу мыбы и лэжьакIуэхэм ди республикэм и къуажэ щэщIым щIигъу къызэхакIухьащ икIи чэнджэщ хуэныкъуэ цIыху 500-м нэблагъэм ядэIэпыкъуащ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

# Урысей пощтым и махуэмкIэ дохъуэхъу

● Дэ къытхуатх

**Дунейм щекIуэкIыр къыдэзыгъащIэ, ди лъахэм и зыужьыныгъэмрэ абы щызэфIах IуэхуфIхэмрэ ди деж къэзыхьэс, ди тхыдэм дриплъэжыну, цIыху цIэрыIуэхэр зэдгъэцIыхуну Iэмал къыдэзыт, зи ныбжь хэкIуэтахэм я гукъыдэжыр къэзыIэт, зэшыгъуэр ящхьэщызых, щIалэгъуалэм ущие дахэ ябгъэдэзылъхьэ, ди анэдэлъхубзэр зыхъумэ газетщ «Адыгэ псалъэ»-р.**

АДЫГЭБЗЭКIЭ къыдэкI газетым, ар къызэзыгъэпэщ гупу лъэпкъ Iуэхум гурэ псэкIэ телажьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зи тхьэмадэм, фIыщIэ фхудощI. Фи лэжьыгъэр, IэдакъэщIэкIыр нэхъри фIыуэ дэзыгъэлъагъур, дыдезыгъэхьэхыр махуэ къэс къытлъэзыгъэIэс пощтырщ, абы и лэжьакIуэ емызэшыжхэрщ.

Пщэдей Урысей пощтым и махуэщ икIи абы ирихьэлIэу псалъэ гуапэ яхужытIэну дыхуейщ Аруан куейм и пощт IэнатIэм и Псыгуэнсу къудамэм и унафэщI Къалмыкъ Люсэрэ абы и щхьэгъусэ, пощтзехьэ Аслъэнбийрэ.

Люсэ иджыблагъэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрыхъуар игъэлъэпIащ, зыпэрыт IэнатIэр хьэлэлу зэрырихьэкIым папщIэ Пощт IуэхущIапIэм и унафэщIым къыбгъэдэкI ФIыщIэ тхылърэ саугъэтрэ къыхуагъэфэщащ. Аслъэнбий «Адыгэ псалъэр», пенсэр, нэгъуэщIу дызыпэплъэр и чэзум къытIэрегъэхьэ.

ЦIыхуфIщ, и лэжьыгъэр хьэлэлу езыхьэкIщ зыхужаIэхэм ящыщщ Къалмыкъ зэщхьэгъусэхэр, я унагъуэкIи дахэщ. Абыхэм зы хъыджэбзрэ щIалитIрэ зэдапIащ, хабзэрэ нэмысрэ яхэлъу, лажьэрэ шхэжу къокIуэкI.

Аслъэнбий, Люсэ, пщэдей ягъэлъапIэ Урысей пощтым и махуэмкIэ дынывохъуэхъу. Сыт щыгъуи цIыхур къыфхуэныкъуэу, узыншагъэр фи куэду, фи пщIэмрэ нэмысымрэ хэмыщIу, хьэлэлу ефхьэкI лэжьыгъэм и хъер флъагъуу, фи быным я насыпымрэ я ехъулIэныгъэхэмрэ фригушхуэу фыпсэуну, гъащIэм гу щыфхуэну ди гуапэщи, Тхьэр фIыгъуэкIэ къыфхуэупсэ.

***«Адыгэ псалъэ» лъэпкъ газетыр куэд щIауэ зи Iэпэгъу Щхьэгъэпсо Люцэ, Бозий Розэ ТIатIу ипхъу, Къардэнгъущ ФатIимэт, Щхьэгъэпсо Залинэ, Бозий Розэ Жанхъуэт ипхъу сымэ, газетым и щIэджыкIакIуэ псыгуэнсудэсхэр.***



КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Нало Заур и Iыхьлыхэм яхуогузавэ.

# АдыгэлI щэджащэм и иужьрей гъуэгуанэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*



Рахаев Анатолий.

Налом и гъащIэм, абы узыхуигъэушым, и гуащIэм и инагъым, пщIэуэ иIэм и гугъу ищIащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкIыу къэпсэлъа **ГуэбэщIыкI Жантемыр**.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм Заур фIыуэ ялъагъу, пщIэ хуащI и тхыгъэхэм, жылагъуэ-политикэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтам папщIэ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщ зы, абы и япэ унафэщIу щыта Нало Заур хузэфIэкIащ ди республикэм къыщыхъу демократие зэхъуэкIыныгъэхэми, жылагъуэ политикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэнми жыджэру хэтын, гъунэгъу щIыналъэхэм щекIуэкI Iуэхугъуэм и псалъэ хилъхьэн. Ди IуэрыIуатэмрэ хабзэмрэ, нэмысымрэ бзэмрэ джыным, ар щIэблэм я пащхьэм илъхьэным теухуауэ илэжьам и гугъу умыщIыххэ. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ адыгэ лъэпкъымрэ я тхыдэщIэм дыщэпскIэ хатхэнущ Нало Заур и цIэр, щIэблэм зэрыщымыгъупщэнури си фIэщ мэхъу. Сыту жыпIэмэ ди щIыналъэм и зыужьыныгъэмрэ абы щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ и зэман емыблэжу къаруушхуэ тригъэкIуэдащи, - къыхигъэщащ ГуэбэщIыкIым.

ПэкIум къыщыпсэлъащ Гъуазджэхэмкiэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолий**, урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщI **Канунников Анатолий, Нало МутIэ** (лъэпкъым къыбгъэдэкIыу), **Тэрчокъуэ Къэралбий** (Лэскэн районымрэ Заур къыщалъхуа Хьэтуей къуажэмрэ къабгъэдэкIыу) сымэ.

Нало Заур Налшык къалэ кхъэм щыщIалъхьащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**



*Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м* *№336-рп*

Еджагъэшхуэ, тхакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Нало Заурбий Мыхьэмэт и къуэр щIалъхьэн папщIэ комиссэ къызэгъэпэщын мыхэр хэту:

**Уянаев К. Хь. - М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр *(комиссэм и унафэщIщ)*

**Фырэ Р. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)*

**Беппаев С. У.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм деж граждан жылагъуэмрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ я IэнатIэм зегъэужьыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ щыIэ комиссэм жэуап зыхь и секретарыр, балъкъэр лъэпкъым и «Алан» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

**Бгъэжьнокъуэ Б. Хь.** - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и IуэхущIапIэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ я институтым и унафэщIыр

**Канунников А. Д.** - «Урысей тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» обществэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIыр

**Мэкъуауэ А. В.** - Лэскэн муниципальнэ куейм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**Хьэгъэс З. А.** - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр

**ХьэфIыцIэ М. М.** - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ» къэрал IуэхущIапIэм и редактор нэхъыщхьэр, «Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

**Щхьэгъэпсо С. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр

**Щхьэгуэш А. Л.** - Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Хьэтуей къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ ЖЫЛЭ Владимир**

# ГущIыхьэ псалъэхэр

**КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Нало Заур дунейм зэрехыжар хуабжьу гущIыхьэ ящыхъуащ ар зи ныбжьэгъуу, зи лэжьэгъуу, зи цIыхугъэу щыта ди лъэпкъэгъухэу къуэш республикэхэм, хамэ къэралхэм щыпсэухэми. Адыгэ лъэпкъым, Къэбэрдей-Балъкъэрым игъуэта хэщIыныгъэр цIыхухэм къатохьэлъэ икIи яхуогузавэ щIэныгъэлI, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэм и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.**

ИПСАЛЪЭР лъэпкъым и гъуазэу, и унэбжэр дэтхэнэ зыми хузэIухауэ, и гупсысэр дыщэ Iунэу зэхэлъу, и цIыхугъэм гъунэ имыIэу, лъэпкъым и бын пажэхэм ящыщ зыуэ ди жьантIэм дэса адыгэлI щыпкъэр здэкIуам щытыншыну, дунеягъэм щищIа псапэр хуэбэгъуну Тхьэм дыхуолъэIу.

**МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ,**
*Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, АР-м и ТхакIуэхэм я союзым, Жылагъуэ палатэм я тхьэмадэ.*

**БЭЧЫЖЬ Лейлэ,**
*КъШР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ, ЩIДАА-м и вице-президент.*

**ТУТ Заур,**
*УФ-м, КъБР-м, АР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист.*

**КЪАНДУР Мухьэдин,**
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.*

* * *

НАЛО Заур зэрылIар я жагъуэ зэрыхъуар, абы лъэпкъым къыхуигъэна щIэиныр зэрылъапIэр, нэхъыжьыфIу ди япэ итам и гъащIэр куэдым зэрагъуазэр къыхэщу щыгъуэ телеграммэхэр къагъэхьащ Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм, Щамрэ Амманрэ щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэхэм, Европэм щызэхэт Адыгэ Хасэхэм я федерацэм, Израилым щыIэ Адыгэ Хасэм, Нью-Джерси (США) щызэхэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм.

Нало Заур и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яхуэгузэващ Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей, Адыгей, Шэрджэс, Шапсыгъ, Мэздэгу, Армавир, Ставрополь, Краснодар, Владикавказ, Москва, Санкт-Петербург Адыгэ хасэхэм хэтхэр.

# НАЛО Заурбий Мыхьэмэт и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 84-м иту дунейм ехыжащ еджагъэшхуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, кавказ филологиемрэ этнокультурологиемкIэ IэщIагъэлI нэс, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Нало Заурбий Мыхьэмэт и къуэр.

Нало Заурбий Мыхьэмэт и къуэр 1928 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м КъБР-м и Аруан куейм щыIэ Старэ Урыху къуажэм къыщалъхуащ. Илъэс 14 ныбжьым иту лэжьэн щыщIидзащ Старэ Урыху къуажэм и «Шэкэр» колхозым. 1952 гъэм Къэбэрдей къэрал педагогическэ институтыр къиуха иужь, зэфIэкI зиIэ щIалэщIэр щылэжьэну ирагъэблэгъащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм. 1954 гъэм къыщыщIидзэри, иджыри къэсыху Нало Заурбий щылэжьащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым. 1979 гъэм къыщегъэжьауэ 1987 гъэр къэсыху Заурбий Мыхьэмэт и къуэр КъБНИИ-м IуэрыIуатэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щытащ.

Зи гъащIэр щIэныгъэм пызыщIа Нало Заурбий абы хуэпэжащ псэухукIэ. Налом ди къэралым, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа конференцхэм хуигъэхьэзыра щIэныгъэ, литературэ-критикэ, публицистикэ тхыгъэ 200-м щIигъу иIэщ. Абыхэм яхэтщ адыгэ филологиемрэ щэнхабзэм и тхыдэмрэ ехьэлIа монографие лэжьыгъэу, тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъу блы.

Абы и унафэм щIэту апхуэдэу дунейм къытехьащ «Къэбэрдей литературэм и тхыдэм и очеркхэр», томищ хъууэ «Адыгэ уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ», «Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуа хъыбархэр» тхылъхэр. Апхуэдэу игъэхьэзыращ икIи къыдигъэкIащ «Бахъсэней узэщIакIуэхэм я щэнгъасэ» тхылъыр (1991), КIуащ БетIалрэ Елбэд Хьэсэнрэ я лэжьыгъэхэр (1991), Нало Жансэхъу (2004), Къылышбий Исмэхьил (2009) я IэдакъэщIэкIхэр.

Нало З. М. зэхуихьэсащ, зэригъэзэхуащ икIи зэхилъхьащ «Къэбэрдей поэзием я антологиер» (1957), «Адыгэ литературэ пасэм и антологиер» (2010). Ар яхэтащ IуэрыIуатэр зэхуахьэсыжу адыгэ щIыналъэхэм щылэжьа щIэныгъэлI гупхэм. Абы итхыжащ цIыхубэм къадэгъуэгурыкIуэ IуэрыIуатэ хъыбар куэд. Ахэр Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щIэныгъэ архивым и фонд лъапIэ хъуащ. Абы Къэбэрдей сабий литературэм и антологиер гъэхьэзырын икIи къыдэгъэкIын, адыгэ таурыхъхэр литературэ пщалъэм игъэзэгъэн, дунейм щыпсэу лъэпкъхэм я таурыхъ нэхъыфIхэу щэ адыгэбзэкIэ зэдзэкIын я лъэныкъуэкIэ зэфIигъэкIам и мыхьэнэр зыхуэдизыр къыпхуэлъытэнукъым.

Нало З. М. и лэжьыгъэхэм ноби уагъэлъагъу ахэр IэщIагъэм кууэ хэзыщIыкI, куэд дыдэм щыгъуазэ щIэныгъэлIым зэриIэдакъэщIэкIыр. IуэрыIуатэм, джэгуакIуэ цIыхубэ гъуазджэм, мифологием, тхыдэм, тхыбзэ литературэм, иджырей литературэ зыужьыныгъэм трихуа тхылъхэр нобэрей кавказ щIэныгъэм и лъагапIэхэм ящыщ зыуэ щытщ. Абыхэм Нало З. М. щIэныгъэм и дунейм цIэрыIуэ щащIащ, шэч гуэри зыхэмылъ пщIэшхуи къыпэкIуащ.

Лъэпкъ щэнхабзэм и дежкIэ и мыхьэнэр нэхъ цIыкIукъым абы и литературэ лэжьыгъэми. Абы и усэ тхылъхэр къэбэрдей классикэм и гъэтIылъыгъэ хъуащ. Ахэр адыгэхэм я тхыбзэ гъуазджэм и щапхъэ телъыджэу къалъытэу школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щадж. Новеллэхэр щызэхуэхьэса «Къру закъуэ» тхылъыр дунейм къызэрытехьэу, къэбэрдей литературэм и зыужьыныгъэм и зы лъэхъэнэ хъуащ. Нало З. М. къигупсыса образхэм философие купщIэ ин яIэщ, и бзэр адыгэбзэм и фIыпIэщ.

ЩIэныгъэ куу дыдэ зыбгъэдэлъ Нало З. М. IуэрыIуатэм хуэлажьэ еджагъэшхуэхэм, литературоведхэм я щIэблэ игъэсащ. Ар лъэпкъ IуэрыIуатэр зэрыбджын хуей щIыкIэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа цIыхущ. Абы гулъытэшхуэ хуищIырт егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ епха Iуэхухэм, и Iэдакъэм къыщIэкIащ ищхьэ, курыт еджапIэхэм зэрыщрагъэджэн хуей щIыкIэм теухуа тхыгъэ зыкъом. Абы апхуэдэу зэхилъхьащ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа, класс нэхъыщIэхэм, курытхэм щIэс сабийхэм яджыну IуэрыIуатэ, литературэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса антологие тхылъхэр.

Нало З. М. хэкумрэ лъэпкъымрэ, нэгъуэщI лъэпкъхэр фIыуэ зылъагъу цIыхут. Абы зыхищIэрт лъэпкъыбзэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ я Iуэху зыхуэкIуэнумкIэ, щалъхуа республикэм зиужьынымкIэ жэуаплыныгъэ и пщэ зэрыдэлъыр. Къэралым и зэблэкIыгъуэ зэману щыта 1990 гъэм и пэщIэдзэм ар КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату хахащ, адыгэхэм я бзэмрэ щэнхабзэ щIэинымрэ хъумэным и Iуэхум нахуэу къыщхьэщыжахэм ящыщщ, «Адыгэ Хасэ» республикэ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и къызэгъэпэщакIуэ икIи и япэ унафэщI хъуащ, Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэзыгъэпэщахэм яхэтащ. Интеллигент нэсу, ерыщагъ зыхэлъу, пэжымрэ захуагъэмрэ хуабжьу щIэбэну, езым и лъэпкъым и сэбэп зыхэлъхэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу хуэлажьэу сыт щыгъуи псэуащ Нало Заурбий.

И гъащIэм и иужьрей махуэр къэсыху Мыхьэмэт и къуэ Заурбий мыувыIэу лэжьащ. Абы мурадхэр, гупсысэщIэхэр и куэдт. Ар дэ игъащIэкIэ дигу къинэжынущ творческэ жыджэрагъ мыкIуэщI, хьэл-щэн дахэрэ нэмысрэ зыхэлъ цIыхуу, егъэджакIуэм нэхъыфIу ехьэлIа псом и щапхъэу.

**Къанокъуэ А. Б., Чеченов А. А., Гертер И. К., Къуэшырокъуэ З. Къ., Ажахъуэ Къ. М., Аттаев Ж. Ж., Ацкъан Р. Хь., Бегиев А. М., Беппаев С. У., Бозий Н. М., Бицу А. М., Болэт А. Хь., Вэрокъуэ В. Хъ., Джэдгъэф Б. М., ГуэбэщIыкI Ж. М., Гузеев Д. М., Гъут I. М., Додуев А. Т., Жаным Р. М., Жылэтеж С. Хь., Зумакулов Б. М., Зумакуловэ Т. М., Иуан П. М., Къэжэр В. Хь., Къэрмокъуэ М. М., Канунников А. Д., КхъуэIуфэ Хь. Хь., Котляров В. Н., Къумахуэ М. Л., Къумыкъу Д. М., Мэзыхьэ Б. Б., Макитов С. И., Мэкъуауэ А. Г., Малкандуев Хь. Хь., Махиевэ Л. Хь., Опрышкэ О. Л., Пащты Б. С., Саенкэ Т. В., Созаев А. С., Тау П. Къ., ТIымыжь Хь. Т., Толгуров З. Хь., Тхьэгъэзит З. М., Тхьэзэплъ Хь. М., Уянаев К. Хь.-М., Фырэ Р. Б., Хьэгъэс З. А., ХьэкIуащэ А. Хь., ХьэфIыцIэ М. М., Хьэтэжыкъуэ В. Н., Шыхъуэбахъуэ М. Хь., Щхьэгуэш А. Л., Щхьэгъэпсо С. Хь., Черкесов Г. М., Елгъэр К. М., Ерчэн Т. Хъу., Ефэнды Дж. Къ.**

КъБР-м и Правительствэмрэ РАН-м и КъБЩIЦ-мрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ я институтым и лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ еджагъэшхуэ цIэрыIуэ, институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ **Нало Заурбий Мыхьэмэт и къуэр** зэрылIар икIи дунейм ехыжам и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.

# Лермонтов Михаил и поэмэхэр



## Зэзыдзэкlар Ацкъан Русланщ

# ДЕМОН

### ЯПЭ IЫХЬЭ

### I

Жин фIыцIэ и псэм хуимытыжу,
Уэгу лъащIэр Демон къилъэтыхьт.
Зыр зым тегуплIэу гукъэкIыжхэр
Абы и гущIэм къизэрыхьт.
Зэгуэр щытат ар мелыIычу,
Псэ къабзэ иIэу, хъийм имыкIыу.
Абы жэнэтыр и псэупIэт,
КъыжраIэрт вагъуэхэм я щэху.
Къихьамэ уэгум гухэлъ щыпэ,
И гъуэгур псэкIэ къигъэнэхут.
Ар къилъэгъуамэ, вагъуэижыр
Иужьрей дыдэу пыгуфIыкIт.
Ар псэут, лъэкIыху гуапагъэ ищIэу,
Губжь дунейм тету игу къэмыкIт.
ЩIэныгъэ нэхурт зыхуэпабгъэр,
ФIылъагъуныгъэрт хъур и фIэщ.
Зэхэзых псоми ягъэщIагъуэу,
Езым и псалъэхэр къигъэщIт.
ЛIэщIыгъуэ кIыхьым хэлъ зэшыгъуэр
КъыщIригъэдзынт абы щIэщыгъуэу.
Мо уафэ щIагъым къыщIэщэщт
Зылъыхъуэр Демон абы щыгъуэ.
Апхуэдэ Iэджэ игу къихьэжт.
КъыхуэмыщIэжри нэхъыбэжт.

### II

Псэуащ иужькIэ, хъийм икIауэ,
Зым теплъэ мыхъуу къэнэжауэ,
Псэм къыхуилъыхъуэу егъэзыпIэ.
ЛIэщIыгъуэр хуэдэут напIэзыпIэм
Абы и нэгум зэрыщIэкIыр.
Зыхуэзэм къайгъэ ирищIэкIыу,
А Iуэхур зэми къехьэлъэкIыу
ЛIэщIыгъуэ дапщэ ар псэуа.
ЩыIакъым абы пэрыуа.
Бзэджэныр езым иужэгъуащ.

### III

Иджы, жэнэтыр ибгынауэ,
Ар уафэ щIагъым ныбжьу щIэтт.
Нэщхъейуэ, игу къызэфIэнауэ,
Кавказ къуршылъэм щхьэщылъэтт.
Щылыдт и щIагъым Iуащхьэмахуэ,
Пшэ хужьхэм нэкIукIэ зыкъыщахъуэу.
Щыплъагъут адэIуэкIэ Бралыч[1] ,
Налмэсым ещхьу, зэщIэпщIыпщIэу.
Абы и теплъэр уигу пымыкIт,
Ар къопсэлъэну фIэкI умыщIэт.
Къуршыпсыр нэм къиубыд къудейт.
КъыпфIэщIу блэшхуэм и хэщIапIэ,
Къуэ лъащIэм зыщигъэшт къэчапIэу.
Зи къытехьэгъуэ Тэрч пIейтейт,
Хэмызэрыхьати зыгуэр и лъым.
Аслъэн губжьауэ нэпкъым хуилъырт.
ЕкIуэкIыу къырхэри зэхэтт,
Зыгуэрым пэплъэу къыпфIэщIыну.
Iэдакъэ жьауэ зыщI яхэтт,
Зыпэплъэр япэ къилъагъуну.
Урыс быдапIэр лъагэу тетт,
Мы лъахэр ейуэ къыщыхъужу,
Ар игъэшынэу къыфIэщIыжу.
Зэплъыжу пшэхэр дэкIуэтейт,
Хьэзырт къыщитхъыу дыхьэшхыну,
КъыпыгуфIыкIыу псыр ежэхт...
Псэр зэм щышынэрт, зэм дихьэхт
Мы дунеижьу емылыджым.
Демон и закъуэт уафэ щIагъым
Дахагъэ щIэту зигу къэмыкIыр,
И нэгум щIэкIри зымылъагъур.

### IV

Куржы щIыналъэр къыщыгъагъэм
Ар куэд дэмыкIыу щхьэщохутэ.
Имылъэгъуахэри къелъагъур,
ФIэмыIуэхуами хуещI гулъытэ.
Бгы лъапэм щIэлъщ уфафэ губгъуэр,
Нэр зытепщIыпщIэ алэрыбгъуу.
Абы псы щхъуантIэр зэпрож,
Дыжьын кIэмажьэхэр къыпхыпсу,
И мывэ нэхухэр гущIэм къипсэу;
Толъкъунхэр Iупэу фIызэтож.
МыувыIэу бзухэм къалъэтыхь:
Гъэгъахэр зэм къауфэрэзыхь,
Зэм ирашажьэ я уэрэдыр,
Пщагъэгъупщэжу гум къыхуэтыр.
Абы я макъым хэлъщ нэмыс.
Бжеижьхэм тхьэмпэр ягъэсыс,
Я щIэж къуданхэр ягъэфIэну,
Трагъэгушхуэу-къагъэфэну.
БгъуэнщIагъ пхыдзахэр щIыIэтыIэщ,
Псэ егъэзыпIэщ бадзэуэгъуэм.
Йопсалъэ уафэм тхьэмпэу щыIэр,
И налъэ къэскIэ я щIэщыгъуэу.
ЕдаIуэт удзхэр зэрыбауэм,
ГурыщIэ IэфIхэр ягъэбагъуэу!
Жэщ кIэщIхэр-щэ! Зэ епсэлъэгъуэщ
Уи пщащэ дахэ фIыуэ плъагъум.
Куржы хъыджэбзхэм я нэджыджу
Вагъуэ гуфIэжхэр хэлыдыкIыу,
Зыкъыпхуегъэщхъыр уафэ къащхъуэм,
Къыпхуелъыхъуэжыр, гугъэр гъуащэм.
А псори Демон илъэгъуащ,
Ауэ фэрыщIу къыщыхъуащ.
А псом щыIуплъэм - жиным и гум
Къыщыушакъым фыгъуэ фIэкI.
Гуапагъэр къыпхигъэпсу нэгум,
КъигъэщIыфакъым зы гукъэкI.
Къыпкърыхьакъым къарууцIэ,
IуэхуфI ищIэну ирихужьэу.
Ар щхьэщылъэтт хъуэпсэгъуэм зэкIэ,
Илъагъуу хъуам ебийуэ псэкIэ.

### V

Унэшхуэ щытщ, мэгъагъэ пщIантIэр.
Гъудал жьакIэхум ар и щIапIэщ.
Ар яухуэным текIуэдащ
Щыху гъащIэ куэд, насыпу Iэджэ.
Йджы, уэгу дыгъэр къыщыкъуэкIкIэ,
Унэм и ныбжьыр къырхэм телъщ.
Дунейм а лъапсэм зыкъыдещI.
Мыбдежым щожьэ дэкIуеипIэ,
Къыппэплъэ уафэм уридэкIыу.
Шыгъуэгум къыпыхьэж ехыпIэм
Ухуешэ къуршыпс къыпхуеплъэкIым.
Пщэдджыжь къэсыхукIэ пщым ипхъу закъуэр
А лъагъуэм тету псыхьэ макIуэ.
Щхьэтепхъуэ хужьыр полыд дыгъэм,
Къыпхыпсу нитIым къыщIэщ гугъэр.

### VI

Сыт щыгъуи щыму щыта унэм
ЩокIуэкIыр нобэ ефэ-ешхэ.
Гъудал пщы хъыжьэм и пхъур яшэ.
ЩегъэпщкIу Iыхьлыхэм пщыжьым и нэр,
ГуфIэгъуэ нэпсыр къыфIекIуащи.
Зыщагъэзыжу алэрыбгъум,
Шагъыр курыхыр ягъэкIуэщIу,
Къызэхуэсахэр пщым йохъуэхъу,
Зейм ещхъыркъабзэу, мы гуфIэгъуэм
ЩыгуфIыкIауэ къыщагъэхъу.
Ныбжьэгъухэм я кум дэсщ нысащIэр.
ХэщэтыкI защIэу къоIущащэ,
Къызэрехъуапсэр къэрагъащIэу.
ДжэгукIэ гуэрхэр къагупсыс,
Хъыджэбзхэр дэкIуэу иухыжу...
ИкI махуэм жэщыр къыпэщысщ,
Дыгъэм и бзийхэр мэужьыхыжыр.
Арыххэу псоми зыкъапхъуатэ.
Джэгугъуэ хъуащи, зэрохь пщIантIэм.
Iэгуауэр щабэу ирагъажьэ,
Уэрэдыр щэхуу ирашажьэ.
НысащIэм къещтэ бэрэбаныр,
Ар и щхьэщыгум щегъэджэгу.
Щыгъупщэжащ, иIам гукъанэ,
Гур зыгъэныкъуэм хъуащ хуэдэгу.
ЩIолъэтыр зэм, бзу джэгум ещхьу,
Зэми утыкум щоувыкI,
КъыщIэплъэу нэгум, погуфIыкI.
ЩIалэ къуданхэр къонэ ещIэу,
Дахагъэм я щхьэр дэуназэу.
ЗэраIэщIэкIыр нобэ гъуазэр
ЗыхащIэу, я гур къоузыкI,
КъахокI мыфыгъуэу зылъэмыкI,
Икъуз зэпыту къамэ Iэпщэр.
НысащIэр къофэ, хишу и пщэр,
Набдзэ фIыцIитIри къыдоджэгу.
УщIигъэплъэхукIэ зэ и лъэгу -
Дэлъэтеину фIэкI умыщIэ.
Абы и теплъэм сыту куэд
Къыхэщрэт сабиигъуэм щыщу!
МазэщIэ нагъуэ псынэм къищри
Абы дахагъкIэ темыкIуэнт.

### VII

КъуэкIыпIэ нэхум си псэр хэту,
Ухуейм - къухьэпIэр си щыхьэту,
Семызэшыжу Тхьэ пхуэсIуэнщ.
Абы дахагъкIэ къытекIуэн
Мо уафэ щIагъым щIэмытауэ,
Апхуэдэ щIыфэ еIусауэ
Темыту зыпщи мы дунейм.
Зэгуэр лIэжыну къигъэщIам
Иджыри къэскIэ къахэкIакъым,
ИрикIуэу Iэгукlэ нэкIум щабэу -
Апхуэдэ щхьэцым хэIэба.
Къыпих мэ гуакIуэм еIуба.
Зэремыщхьыжрэ щIыр жэнэтым
Ямылъэгъуа уэгу щIагъым щIэту
Куржыпщым и пхъум ебгъэпщэн,
ЯщIакъым щIалэхэм яхэту
Ар зи дахагъым хуэфэщэн.

### VIII

Иджы къэфэжт ар иужь дыдэу,
ПыкIыным ипэ хуитыныгъэм.
Зригъэхьыну хэтми лIыгъэм,
Къыпхыпст и нэгум псэм имыдэр.
Къыпэплъэр ищIэртэкъэ пщащэм.
Хамэ щIыналъэм епха гъащIэр,
Лъэхъуэщым хуэдэу, и нэгу щIэтт.
Гупсысэ Iэджэми ар хэтт.
Хамэ унагъуэм зэресэнур
Зэригъэзахуэу, хъурт нэщхъей.
Игъащlэ псокIэ и гъусэну
Зыщыгугъар къэгъэнэгъуейт.
ИтIани текIуэрт гухэлъ нэхур,
ЗыщIишэу псэр абы хэлъ щэхур.
ЩIэлъэту къафэрт тхьэIухудыр,
Ныбжьэгъухэм я кум къыдэхутэу,
Зэми утыкум щыджэрэзу,
Къыпщыхъуу щIылъэм лъэмыIэсу.
Блэлъэтрэ пэт ар къилъэгъуам,
Iэнкуи хъунт Демон - жин псэ щIыIэр.
КъыхуэкIуэжынт гуфIэгъуэу щыIэр,
ИмыщIэу и гур нэху щIэхъуар.

### IX

Дахащэр Демон къилъэгъуащ.
Ар вагъуэ нэхуу къыщыхъуащ.
ЩигъэункIыфIыкIри нэр тэлайкIэ -
ИтIанэ и гур хигъэхъуащ,
Я нэхъ IэфIыщэри гукъэкIым
Къыщыушащ абы и бгъэчым.
БлэкIа гухэлъхэм къагъэзакIэт,
Къылъагъэсыжу псэм гуапагъэр.
Къуэтащ ар куэдрэ пшэм и къуагъым,
Нэр зытеплъызэм къимылъагъуу.
ЩыгуфIыкIыжт ар и гурыщIэм,
ЩIэщыгъуэу зэшыр псэм зыхищIэрт,
Къыщыхутэжрэ зэман жыжьэм -
Щыхулъагъуэр нэгум къыщIэувэу.
Гухэлъхэр бгым къыщопсэлъэж
Анэдэлъхубзэу щытыгъамкIэ.
Плъыфэ нэхъыфIу илъэгъуамкIэ
Аргуэру гъащIэм зыкъелэж.
ЛIэщIыгъуэ хьэлъэхэр хъыжьпIыжьу
ЗэригъэкIуар и фIэщ мыхъуж.
ЩIэрыщIэу къалъхуу къыщохъуж -
ЗэриIуэтэнуращ имыщIэр.
ГугъэщIэр и псэм щощIэращIэ,
Ауэ кIуэдыжкъым блэкIа гъащIэр:
Тхьэм иухащ ар гум къинэну.
Езыри хуейкъым щыгъупщэну...

### X

Шы хъыжьэм и фэр ирихауэ,
ХуэпIащIэрт и къэшэным щауэр.
Къыздишэ мылъкум щIыр хипIытIэу
Абы и ужьым итти чырэр,





Блэгущlэтхэр махъшэхэм щIэкIиерт,
ЯгъэпIэщIэну хэт зэпыту.
Апхуэдэу ахэр нэблэгъащ
Псы уэр аузыр зыгъэпсалъэм,
Къуэ лъащIэм лэпсу къыщыкъуалъэм.
Дэтхэнэ зыми игу хэхъуащ,
КъицIыхужауэ мы щIыналъэр.
Иджы здэкIуэнур мыжыжьэжт.
Къахуэплъэ бгыжьым еуэкIыжым,
Зы губгъуэ закъуэ зэпачыжым,
ИтIанэ бгыщхьэм дэкIуеижым —
Гъудал и лъапсэр къаIущIэнт.
Дунейр щауэщIэм къыхущIэплът,
Иджыри зэ игъэунэхужу.
Мы щIалэр пщыхэм къахэкIат,
И къулеягъми щIэ имыIэт,
И теплъэкIи пэхъун щымыIэт.
Зытес шы хъыжьэр кърашат
Шыр щагъэлъапIэ Къэрэбахым,
ПщIэ лей езым къыщыхуащI лъахэм.
И джатэм мыщIэр хэлыдыкIт,
Зэм-зэмкIэ уафэр къефыгъуэжу.
Къехъуапсэ дыгъэм зилыгъуэжу.
ФокIэщIыр уэну уигу къэмыкIт,
Апхуэдэу дахэу илъти и плIэм.
И цейм хьэзыр зэкIужхэр къиплъырт,
Къыпщыхъуу псоми щыгуфIыкI.
Къэсынти жьыбгъэр бауэкIэщIу,
Ириджэгунт зэм цей кIэкъуащIэм,
Къизэрыхьынт зэм и Iэгъуапэм.
Къыхуэзэша фIэкI умыщIэну,
Зыкъыщихуэнт шууейм и напэм...
Куэд мыщIэу дыгъэр бгым йоуэкI,
Зэхоуэ, нэщхъ ищIыжу, пшапэр.
Зыкъыщеубгъу бгы нэкIум пшагъуэм.
Езэша чырэр йопIэщIэкI.

### XI

Я гъуэгум кхъащхьэ къащыхуозэ.
Пщы гуэр куэд щIауэ щIэлъщ мыбдежым.
Ар хэкIуэдащ зэгуэр лъыщIэжым,
Иджы и кхъащхьэм щIыр йоубзэ,
Яхигъэувэу тхьэ пэлъытэм.
ЩымыIэт хуэзымыщI гулъытэ.
ЩыкIуэжи унэм, зауэм щыкIуи
Мыбдеж щыувыIэрт гъуэгурыкIуэр,
Тхьэшхуэм НасыпкIэ елъэIуну:
КъыфIэщIт биишэм щихъумэну,
АбыкIэ игъэфIыжырт и гур.
А кхъащхьэм щауэр бгъэдыхьакъым,
Трилъхьэу и щхьэм, зигъэщхъакъым,
Щэнейрэ Тхьэм емылъэIуа.
Адэжь и хабзэм ебэкъуащ.
И лажьэт и щхьэр иджы щауэм,
Демон игу илъыр зыхищIауэ.
Жин Iэлым и гур хъуати пIащIэ,
Гупсысэ нэхухэр къыхуэушырт.
Пщым и къэшэным едэхащIэу
Гупсысэу хъуам зыщилъагъужырт...
Абдежым бгым шууитI къыкъуокI,
Я натIэм тесу пыIэ къуацэр,
ФокIэщIыр щауэм къытрагъапсэ.
Арыххэу щIалэм и фэр покI,
Ауэ зыщIедзыр и шы хъыжьэм,
Кърыгъэлыну, ирехьэжьэ.
ЩауэщIэм, и гур къихьэжауэ,
ФокIэщIыр и плIэм къыфIепхъуэт.
Къуршыбгъэм ещхьу, шыр щIолъэт,
И пщэм къыдэхуэр къыгурыIуауэ.
ЩэIу макъ гущIыхьэр, фоч уэ макъыр,
Зэхэгъуэщэжу, зэхохьэж...
Зэхэуэр куэдрэ екIуэкIакъым.
Куржы къэрабгъэхэр щIопхъуэж,
Дэп пщтыру Iэщэр хыфIадзауэ,
Пщыр зауэ губгъуэм кърахауэ.

### XII

Щым хъуащ дунейр, мэщыгъуэ лъахэр.
Зэхэтщи махъшэ гужьеяхэр
Нэщхъейуэ хьэдэхэм хуоплъэкIыр,
Мызагъэу, я щхьэр кърахьэкIыр,
Зуужу пщэм ищIа тхьэгъушхэр.
Къахъунщlэщ чырэр, зэхъуэхъужри -
Муслъымэн шухэр ежьэжащ.
Аузыр щIыIэщ, хъуащи жэщ.
Мэдий я хьэдэр чыристанхэм.
Щимылъагъужым зыгъэщтэнур -
Къеуфэрэзыхь къуршыбгъэм ахэр,
КъриуIукIыну я нэ жахэр.
Нахьэсыжынкъым ахэр лъахэм,
Гъуэгу гъунэм сакъыу щыщIалъхьэнщ,
Пхъэ жор я кхъащхьэм щыхатIэнщ,
Ягу къыщIэузу къэзылъагъум.
Ягъеижыну къэмыкIуэн
Мыбы нэсыхукIэ анэр, шыпхъухэр.
Лъэнтхъуийм я кхъащхьэр зэщIиблэнщ,
Щихъумэу дыгъэ къэзылыгъуэм.
Ягу къагъэкIыжу IэфIагъ куэд,
Бзум щыхашынщ мыбдеж уэрэд.
Къыдидзыхынщи, гъуэгурыкIуэр
Щегупсысынщ мыбдеж куэдыIуэм...

### XIII

Бланэ жэрыжэм ещхь шы хъыжьэр,
Зауэм Iухьэну фIэкI умыщIэу,
КIэнауэм йолъэ, Iуащхьэм дож,
КъоувыIэ, и гум едэIуэж
КъыпфIэщIу, жьыбгъэм хэдэIухьу,
КIыфIыгъэм сакъыу зыщиплъыхьу.
Зэм щIылъэр фIалъэкIэ кърeтхъу,
ЯтIэ шыкъырхэр игъэлъейуэ.
ЩIолъэт итIани - дэлъэтейуэ
Пшэм хыхьэжыну ар къыпщохъу.
Абы тес щIалэр бауэу пщIэркъым,
Шы сокум и щхьэр хэкъузащ,
Шым здихьым и псэр хуэгъэзащ.
ЩIым хоткIуэ лъыуэ абы щIэкIыр,
КIуэтэху нэхъ мащIэщ хузэфIэкIыр,
Илъагъуу хъуари мэхъу хъарпшэр.
Ар къыхихат зэхэуэм шым,
АрщхьэкIэ къуакIэм дэмыхьат
Абыи шэр щылъэщIыхьам!

### XIV

Гъудал и пщIантIэм дэтщ гуфIэгъуэр,
ИмыщIэ зым къэхъуа гуIэгъуэр.
Зэ догуэт! ЩIыхум ещхьу, щэIуу,
Хэт иш куэбжэпэм къежэлIар,
Жьэхэхуэу сэхым, къэджэлар?
Лъы зэфэзэщщ тесам и нэкIур,
И нитIым фIэкI къыхэмыщыж.
КъыхуеIэу гупым, щIалэр щылъщ,
Зыгуэрым къыхуеший и Iэгур...
Зэрохьри - щIалэр къацIыхуж.
ЩауэщIэр щылът, и нитIыр жауэ,
И мыгъуэм дежкIэ зишияуэ.
Къигъэгугъати - къигъэпцIакъым,
АрщхьэкIэ псэр къыхуэхьэсакъым.

### XV

Гуауэшхуэр Гъудал и унагъуэм
Къыщхьэщыхьати уафэгъуагъуэу,
Тхьэм и тезырри щыблэм ещхьт.
Мы дунеишхуэр хъуауэ нэщI
КъыфIигъэщIат абы Тамарэ.
Ныбжьэгъуи благъи ибгынарэ
ЗыхиIубауэ, ар зэщыджэрт.
Апхуэдиз нэпсри дэнэ къикIрэт?!
Зэгуэр пыхьэным ирегъэшри -
ТхъэкIумэм къиIуэу къыфIощIыжыр:
«Умыгъ, си тIасэ, умыгъ пщIэншэу!
Апхуэдэу уэ зыщIэбукIыжыр
Къигъэхъужынукъым уи нэпсым,
НэхъыфIщ хъумэжи уи гукъуэпсыр!
Япэрей гугъэр зыпыгъэкI,
Егъасэ псэр гупсысэ щIыIэм.
ЗыхищIэжынукъым афIэкI
Уи гуныкъуэгъуэр хьэршым щыIэм.
Iэпкълъэпкъ хуеижкъым абы и псэр,
И нэхурщ Уащхъуэм абы тепсэр,
Жэнэт макъамэ фIэкI зэхихкъым.
ЩIым и пщIыхь фэншэхэр къыхихыу,
Къигъэзэжынуи къыпщымыхъу,
Жэнэтым гуауи щамыIыгъ...
ЛIэныгъэм и щхьэкIэ щекIуэкIыр
МыгурыIуэгъуэ зэфэзэщщ.
Абы уи нэпсыр къыщIекIуэни
Хэмылъ, си дахэ, щIы уи фIэщI!

Уафэ къащхъуэм, уафэ щIэншэм
Вагъуэ Iэджэ холыдыкI.
Ди гухэлъыр яхуэдгуэшми,
ДыщыIэххэу ягу къэмыкI.
Нэхъ лъахъшэIуэу, лъэужьыншэу
Пшэхэм уафэр щIаущыкI.
Зыщыщ дыдэри ящIэжу
Ахэм зэкIэ къыщIыукI.
Ди гуфIэгъуи гуныкъуэгъуи
Пшэхэм дежкIэ сытым щыщ.
Ди блэкIаи къамылъыхъуэ,
Ди къэкIуэни дзыхь хуамыщI.
Гуныкъуэгъуэр къыщыптекIуэ
Уафэр уи гум къэгъэкIыж.
Iуэху жьгъейуэ щIым щызекIуэм
ЗыкIэрыпщIэу - зумыукIыж!

(КIэлъыкIуэр 4-нэ нап.)

[1] Казбек

# Лермонтов Михаил и поэмэхэр



## ЗэзыдзэкIар Ацкъан Русланщ

# ДЕМОН

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.)

Жэщым кIыфIыгъэр дрищIейм,
Тезашэу хъуар къепэзэзэхыу,
Дэплъейуэ уафэм, мы дунейр
Iущащэ макъым дэумэзэхым;
ТелIыкIа жьыбгъэр къэхъужам,
Тхьэмпэ гъуэлахэр зэIипщIыкIыу,
Игъэщта бзухэр лъэтэжам,
Я макъыр кIыфIым къыхэIукIыу;
Гъэгъэн хьэзыру щыта удзым
Уэсэпсым щыщ иригъэхам,
А ирифам дэкIуэдрэ узыр,
И налъэу хъуар къызэкъуихам;
Уэгу къащхъуэм дыщэу къызэпхыпсу,
Щхьэщыгум мазэр къиувам -
Сыкъэлъэтэнуращ уи деж,
Уэзгъэгъуэтыну гукъыдэж,
ПщIыхь IэфIу хъуар пхуэсщIыну гъусэ,
Къыпщызгъэхъуну гъащIэр псысэ...»

## XVI

ЗэкIэлъхьэужьу щхьэщокIуэтри,
А псалъэ IэфIхэр мэкIуэдыж.
Зеплъыхь хъыджэбзым, къыщолъэтри,
Ауэ и пащхьэ имытыж
Псэлъар, зыхищIэу зэрыбауэр.
ГуфIэгъуэм и пIэ къиувауэ,
Псэр ирешэхыр нэщхъеягъуэм.
КъыхуокIуэ шынэр нэхъ гуvауэ,
Арщхьэкlэ и гур хуэмылъахъэ.
Гур илъэхъэныр къэгъэнауэ,
ГурыщIэу щыIэр къегъэуш.
Зихъумэжыну псэр мэзауэ.
А къаруущIэм елъытауэ
ГуфIэгъуэм лъэкIыр сытым щыщ.
И лъынтхуэм мафIэр къыщокъуалъэ.
ТхьэкIумэм нетIэ къиIуа псалъэр
Нэхъ щIэщыгъуэжу зэхехыж.
Езэша пщащэр Iурехыж,
Арщхьэкlэ къонэ и гупсысэр.
Елъагъу аргуэру къыщхьэщысу
Щытар фIы и гур къыхуэзыщIу.
Абы мазэщIэр и тхьэгъушщ,
Аргуэру гугъэр къегъэуш.
Абы и нитIыр вагъуэм ещхьщ,
И нэгури мазэм фагъуэ ещI.
Гухэлъыр щабэу къызэпхопсыр,
ГущIэгъури мащIэу къыщонэху.
Абы и нэгур къыхуэзэху,
Зегъэпсэхужыр пщащэм и псэм.
Зригъэщхьын а къыщхьэщысыр
Щигъуэткъым зэуэ и гупсысэм.
Ар мелыIычу къыфIэмыщIт,
Нэгъуэщl фIищынуи дзыхь имыщIт.
Емыщхьт ар махуэм, емыщхьт жэщым.
Пщыхьэщхьэ дахэрат ар зэщхьыр!..

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

## I

«Къэгъанэ, адэм, уи шхыдэныр,
Уипхъу закъуэм игу умыгъэуз.
Сигу щыщIэ псор ныпхуэсIуэтэнут,



Си нэпсыр сэ схуэмыгъэгъущ.
МахуитI дэмыкI зыгуэр къэмыкIуэу,
Ди деж псэлъыхъухэр щызэблокI.
Къэшэн щымащIэ Куржы хэкум?
Мы къомыр, хъунум, ткIэрыгъэкI.
Езым болъагъу: сфIэIэфIкъым зыри,
ЗэхэкIыж мафIэу, соужьых.
ЕкIуэсэхынущ Iэджэ псыуэ,
Сэ зыкъэсщIэжу, гугъэ сщIыху.
НэхъыфIщ сетыжи къулъшырыфым,
Слъагъуж нэху закъуэр мыункIыфIу.
Тхьэм и гъунэгъуу сыщытыху,
Уафэм и нэIэ къыстетыху,
Умыгузавэ, сядэ дыщэ!
Иджы си щэхур уэращ зыщIэр,
Ар къыздэIыгъи, сыгъэтынш.
Уигуми псэхугъуэ игъуэтынщ».

## II

Нэху здэщым адэм, сыт ищIэнт,
Ишащ ипхъу закъуэр къулъшырыфым.
Ар къыщигъанэм игу щыщIар
Ящыщкъым бзэм иIуэтэжыфым.
Хъыджэбзыр пIащIэу яхуэпащ
Тхьэм хуэжыIэщIэм и щыгъынкIэ.
Ауэ абыи къызэпхыщт
Гу хъуэпсэрилэм и къеуэкIэр.
Тхьэм щыхухашым деж уэрэд,
Я гущIэ дыдэр къатхъунщIыжу,
Абы аргуэру къыхуэкIуэнт
Макъ щабэ куэдрэ игу къэкIыжыр.
Ар зейм и теплъэр илъагъунт,
ИмыщIэ пэт зыхуигъэдэнур.
Ар зэми вагъуэу къыщыхъунт,
Ириджэу щэхуу, ауэ - дэнэ?..

## III

IуащхьитI зэхуакум дэтт жьыщIэхуу
Уэгу лъащIэм хуэплъэ къулъшырыфыр.
Къаухъуреихьт ар бжейхэм, щихухэм,
И пщIантIэр тхьэмпэкIэ щIауфэу.
Зи гугъэр пшэм ета аузым
Къыдэпсыха нэужькIэ жэщыр,
И пэшыр мыжеиф хъыджэбзым
Плъагъут жыг къудамэхэм къыхэщу.
Гупсысэм хэту нэху игъэщт,
Iурихыу щытми, къэушыжу.
Щхьэгъубжэм дэплъым - щIым къыхэщт
Сын куэд, ядз ныбжьым нэщхъ хуащIыжу.
Нэхъ жыжьэу, пшэм и абгъуэм деж,
КъытещIэ уафэм щIэгъэкъуауэ
Щопэзэзэхри къыр дыкъуакъуэ,
И ныбжьыр езым имыщIэж.
И гугъэр зэм къощIэрэщIэж,
Къыпхыщу и бгъэ задэм лъагъуэ.
Зэми щIыIухуу къытрещIэж
Мо тхьэмыщкIэжьым и нэм пшагъуэр.
Къуршыпсыр гуфIэу йокIуэсэх,
ЕщI нащхьэ, удз гъэгъа хуэзэху.

## IV

Щыплъагъур дэнэкIи къурш хужьт,
ЩIым къепэгэкIыу зыдрашейуэ.
ЗаIэтырт нэхъри, хъуам нэхущ,
Хэфыну уафэр ягъэщIейуэ.
Азэным джэныр щIадзэрт жьыуэ,
Тхьэгъуэшхэр ахэм ныпэджэжт.
Зэпэджэж макъыр зэщIэзууэрт,
Зэпэщылъ хэкухэр зэхъуэпсэжт.
Дэушт тхьэгъуэшым къулъшырыфыр.
Зы щIыIэ гуэрым дэтхытхт щIыфэр,
Зы лыгъэ гуэрым гущIэр къиист.
Куржы хъыджэбзыр ехти джабэм,
Псынэпсыр ищIт кхъуэщыным из,
ИтIанэ псынэм хэплъэу щыст,
Къыщилъыхъуэжу и гугъапIэр.
ЗэрыфIэкIуэдрэ псом нэхъ лъапIэр,
Мы дунеижьыр гугъэм щысхьт.

И натIэм пшэхэр ириупщIэу,
Адрейм ямыщIэ гуэрхэр ищIэу
Къеплъыхти бгым я бгыж Бралыч,
Нэр зэтеппIами, нэгу щIэмыкIт.

## V

А псор Тамарэ имылъагъут,
Илъагъуми, и гум нэмысынут.
Псэр кIуат ныбжь фIыцIэхэм я щIагъ,
ЗэфIэкIагъэнут къихъуэпсынур.
Унэщхъеину щытмэ - куэдрэт,
Хуэхъут абы сытри щхьэусыгъуэ.
ХуэмыIуэу зэми дыгъэр кIуатэрт,
Зэм хъунт кIыфIыгъэр зэгуэудыгъуэ.
И нитIым нэпсыр къыщIэувэу,
Жэщ къэс Тхьэнапэм бгъэдэувэрт.
Нэхъыбэт зимыщIэжу щыгъыр,
И макъыр ещхьу дыгъужь къугъым.
Ар зэхихамэ гъуэгурыкIуэм,
Жин Iэмэпсымэу къыгурыIуэрт.
ЗэпхыдэIукIти, къэшынауэ,
ЩIэпхъуэжырт, шым елъэдэкъауэу.

## VI

Щхьэгъубжэм куэдрэ Iуст Тамарэ,
И нитIыр уафэм теубыдарэ
Езыр гупсысэм яубыдауэ.
Зэм хэщэтыкIт, зиущэхурэ даIуэу.
КъыжриIэрт и гум: ар къэкIуэнущ,
Уемызэшыжу пэплъэ закъуэ!
Хэтакъым пщIыхьым ауэ сытми,
И нитIыр зэшым щIэтIысыкIрэ
Псалъэ дыгъэлкIэ къыхуэсакъыу.
Абы и теплъэр имыщIэж,
Нэгу къыщIегъэхьэ зэрыхуейуэ.
ЕпсэлъылIэну зэрыхуежьэу,
IуокIуэтри, уафэм хогъуэщэж.
Ар егупсыскъым нэгъуэщI зыми.
Тхьэм елъэIуну щыхьэзырми,
Абы елъэIуу къыщIедзыж.
Жеин и гугъэу мэгъуэлъыж -
Жьыр хуримыкъуу, къотэджыж.
И лъынтхуэр мауэ, гур къолъэт,
Ес мафIэм бгъэр, Iэпкълъэпкъыр щIолIэ,
Зэм нитIым пшагъуэр къытрихуэнщ.
ИтIани псэр хуопабгъэ IэплIэм,
Лъыр гугъэм ещI зэхэзехуэн.

## VII

Къытепсыхащи Куржы хэкум,
КIыфIыгъэм Iуащхьэхэр щIехъумэ.
Мэлыд къуршыпсыр, и гущIыIум
Ипхъащ тхъурымбэр ажэгъуэмэу.
Гухэлъ къеблам пэщIэмытыфу,
Къолъатэ Демон къулъшырыфым,
Ауэ щIыхьэну темыгушхуэ
Тхьэм и IуэхущIапIэ зэгъэжам.
ЙокIукI хъужауэ лъэбакъуэшхуэ,
Iэнкунщ ар, ещхьу щIегъуэжам.
Щхъыщхъ макъыр Тхьэмпэм хэту макIуэ,
Дэтхытхыу абы и лъэ макъым.
Елъагъу Тамарэ и щхьэгъубжэр
Иджыри къэскIэ зэрынэхур.
Имыгъэбыдэу зэкIэ и бжэр,
Зыгуэрым поплъэ дахэр щэхуу.
Егъэпсри Демон шыкIэпшынэр,
И бзэпсхэр сакъыу егъэзу.
Мэхъу шыкIэпшынэр адэжынэ -
Зи макъ нэхъ IэфI яхэткъым бзум.
ЗыщIэн щымыIэт а уэрэдыр
Щызэхалъхьауэ фIэкI жэнэтым!
Ныбжьэгъуу иIэу хъуам ефIэкIыу
Зэгуэрым щыта мелыIычыр
Къэунэхужауэ фIэкI умыщIэт,
Апхуэдэу къабзэти и гущIэр.
Абы и макъым ныпэджэжырт,
БлэкIахэр и гум къигъэкIыжу!..
А гукъэкIыжхэр сыту IэфIт,
ГурыщIэ нэхукIэ уи гум къетэу.
Уэрэд фIэкIа ар зыIуэтэф
КъыщIэмыкIынут Дунейм тету.
И бгъэгур исырт мафIэлыгъэм,
Дахагъэу щыIэр и нэгу щIэтт.
А псом зэреджэр лъагъуныгъэт.
Ар Демон япэу зыхищIат.
Щытт жиныр, лIыгъэр фIэкIуэдауэ,
Хьэзырт арыххэу лъэтэжыну,
Къыпэплъэ пшэхэм хыхьэжыну,
Арщхьэкlэ хуэмыIэтт и дамэр.
Зэпыч къыфIэщIырт и гукъуэпсыр.
Щхьэгъубжэм хуоплъэкIыж, итIанэ,
Уи фIэщ мыхъунт! КъыщIож и нэпсыр...
Мывэ нэпс пщтырым пхисыкIахэм
Iуплъэнт, нэху щымэ, къыщIэкIахэр!

## VIII

Абдежым Демон зыкъещIэж,
Щытщ, и гур фIым хузэIухауэ.
Жин хьэлэмэтым и гугъэжщ
ГъащIэщIэр и псэм къыхуэкIуауэ.
ЗыхещIэ пщащэм и гупсысэр,
Хьэзырщ абы хуэхъуну гъусэ,
Ауэ пагагъэри къытокIуэ.
МафIитI, зэдауэу, лъым щызокIуэ.
Апхуэдэм фIым хуишэнур хэт.
Ар щIохьэ зэуэ къулъшырыфым,
Бжэ зыщIэзышэр къыIуепхъуэт.
КъызэтоувыIэ, тхытхыу щIыфэр,
ЗыхищIэу зэрыпыкIыр и фэр.
Игу къэмыкIа абы къыщощIыр,
Зыпэмыплъа абы къыпожьэ.
Нэху зэфэзэщщ и пащхьэ итыр,
Ар и псэхъумэрщ тхьэIухудым.
ГуфIати жиныр апхуэдизкIэ,
ДамитIри хэту зиукъэбзат,
Арщхьэкlэ модрейм зигъэзащ,
И псалъэ къэс зыхуэзэр ису:

## IX

«Жин фIыцIэ и псэм хуимытыж,
Дунейм бзаджагъэр щызезыхьэ,
Мыбы уэ пхуэдэ къыщIэмыхьэ,
Мы ди хэщIапIэр Тхьэм хуэпэжщ.
Мыбы бзаджагъэ щыземыкIуэ,
Езэгъкъым пхуэдэм и лъэужь.
Тхьэм и гупсысэхэр щыпэкIум
Хэт хуит уищIа тебдзэну ныбжь?
Къоджари хэт?»
ПыгуфIыкIащ
Жин фIыцIэр и пIэкIэ жэуапым,
Утхъуащ и нэгур, ещхьу пшапэм,
ИщIащ ар губжьым бауэкIэщI.
«Естынкъым зым! - жиIащ шынагъуэу, -
Дунейм тетыхукIэ ар сысейщ!
Укъыспэувмэ, сщIынщ уи жагъуэ,
ДахагъкIэ сэри сынэпсейщ.
ЗэгъащIэ: кIасэу укъэсащ,
Гухэлъ хуэсщIакIэщ тхьэIухудым.
Мыбдеж щытепщэри сэращ,
Уэ сыкъоджэнщ, сыпхуейуэ щытым!»
Абдеж хъыджэбзым гу лъитащ
Псэхъумэм и фэр зэрыпыкIым.
Нэщхъейуэ къеплъри - мелыIычыр,
КъехьэлъэкIыпэу, лъэтэжащ...

## X

*Тамарэ*
Ухэт уэ? Слъагъукъым угумащIэу.
Уи Iуэхуу дапщэ хэлъ си гъащIэм?
Нэхъ псынщIэу жыIэ узыхуейр!

*Демон*
Удахащэщ!

*Тамарэ*
СыщIэупщIати узыхуейм...

*Демон*
Зи макъым жэщкIэ ущIэдэIуу,
Зи псалъэр пщIыхьым къыщыпхуэкIуэу
Щытар сэращ, си ТхьэIухуд.
Си теплъэм уи гур кърегъакIуэ,
Ауэ нэхъыкIэм сахэмыт.
Сэ уафэ къащхъуэм щызезгъакIуэр
ЩIым тетхэм пщIыхьу ялъэгъуакъым.
Щоджэгу си дамэр хуитыныгъэм,
Сэращ гупсысэм и дамыгъэр,
Псэр зыгъэшынэри сэращ.
Сэ нобэ куэдым себэкъуащ.
Уи пащхьэ ситщ - уэ зэрыплъагъуущи.
ЗызмыцIыхуж, хьэщыкъ сыхъуащи.
Уэ къыпхуэсхьащ гухэлъ щIэщыгъуэ.
ЩызыхэсщIам а гурыфIыгъуэр,
КъысфIыщIэкIащ сэ япэ нэпсыр.
Иджы, пыбупщIу гугъэ къуэпсыр,
СыбгъэкIуэдыну уэ ухэтщ.
Уи псалъэм си къэкIуэнур хэлъщ.
Уи лъагъуныгъэм сищIыжынут
Я нэхъ щэджащэ щыIэм жину.
Зысхуэпэжынт хужьыгъэ защIэу,
Уэгу лъащIэр нуркIэ згъэщIэращIэу -
Къэслъэтыхьынт мы дуней псор,
Згъэлъагъуэу зэрыгуапэр псэр,
ИIуатэм сигу къыщIэдэIу закъуэ!
Сыт щыгъуи фIыуэ услъагъунущ,
Ухуеймэ, лIыщIэ сыпхуэхъунущ.
Мызагъэ псэр, узэрыслъагъурэ,
Сытеплъэ хъужкъым уахътыншагъэм,
Тепщэнри занщIэу сужэгъуащ.
Насып щIыгу гъащIэм хэслъэгъуащ,
Сыхуейщ сиIэну уи псэукIэр.
Сыхуейщ, ажалым сыфIэлIыкIыу,
ФIыуэ слъагъу псори сигу пымыкIыу,
Сыщыпсэуну мы дунейм.
Уэрыншэм - зыри сыхуэмей.
Си хуитыныгъи си лъэщагъи
СщIыжыну сыт, ущызмылъагъум?
Ещхь хъунщ си махуэхэр жэщ кIыфIым,
Си гъащIэр - Тхьэншэ къулъшырыфым!

*Тамарэ*
СкIэрыкI, жин бзаджэ. Си фIэщ мыхъу
Зы псалъэ закъуэ жыпIэм щыщу.
Арщхьэкlэ, къысщыщIар сымыщIэ,
Зы къару гуэрым псэр иIыгъщ.
Уи псалъэр мафIэщ икIи щхъухьщ...
Уэ лъагъуныгъэкIэ узэджэм
Си кIуэдыр хэлъу сэ къысщохъу.
Шынагъуэщ жиным дзыхь хуэпщIыну.
Гугъу сохь, гухэлъ къыщIысхуэпщIынур
Сэ къызгурыIуэркъыми зэкIэ.

*Демон*
Ар сщIам, гухэлъкIэ уеджэ хъужрэт.
Сэ зысхъуэжащ, узэрыслъагъурэ.
IуэхуфIхэм си гур ныхуопабгъэ,
Си фэр схъуэжыну къысхэхъыжьэу.
БлэкIауэ хъуар згъэкIуэдыжащ.
Уэращ иджы къысхуэнэжар
Жэнэтуи сэ жыхьэнмэуи.
Си лъагъуныгъэм хьэлэмэту
Хэлъ псори дэнэ уэ щыпщIэн.
Абы ущIыгъумэ, зыхэпщIэнщ
Мы дуней псор зэрызэхэтыр,
Нэхъыбэр сэ къызэрыскъуэтыр.
Зытеухуар мылIэж гупсысэр
Уи гъащIэр ещхь пхуэсщIынырщ псысэм.
Узгъэпсэунущ пшэр уи щхьэнтэу,
Къихутэу пащхьэм узыхуейр.
КъызэригъэщIу мы дунейр
Укъритхати уэ си натIэм,
Си нэгу уи теплъэр щызелъатэу
ЛIэщIыгъуэ Iэджэ къэзгъэщIащ.
Услъагъун гугъэмкIэ гъэнщIат
Жэнэтым сэ щызгъэкIуа гъащIэр.
Сыщогупсысым деж - сыгъуащэрт.
Ар нэхъ гуащIэжу зыхэсщIащ,
Сыкърахуа нэужь жэнэтым,
Сыкъыщынам си гъащIэр нэду.
Уи фIэщ пхуэщIынкъым телъыр псэм,
ЛIэщIыгъуэ Iэджэ - гъащIэ псор
ЩыбгъакIуэм, уафэр къыптехьэлъэу,
Бзаджагъэ пщIэрэ - фIым упэплъэу,
IуэхуфI блэжьами - узихэтыр
ЗэращIэм щхьэкIэ - уамыIэту;
Ухуэпсэужрэ уи щхьэ закъуэм,
Уи лIэн зэшыгъуэм къыщигъакIуэр
Нэхъыбэу, ауэ уахътыншэу;
Зэуэным псэр имыгъэтыншу,
Щызэрихьам и дежи лIыгъэ -
ЩымыгуфIыкIыу текIуэныгъэм;
КъыпфIэушами уи гущIэгъур,
Ар птхьэлэжынум ухущIэкъуу,
Iумпэм пщIын хуейуэ дуней псор...
Апхуэдэу лей сыхъуну сэ
Тхьэм иухауэ къыщIэкIынут.
А махуэм щыщIэдзауэ псэр
Къэнащ, и гъащIэм илIыкIыжу...
Жэнэтым и бжэр къыхуащIыжри,
Зедзэну уэгум сыкъинат,
СапIауэ вагъуэм умыщIэнт,
ЕплъэкIт, я нэгу сыщIэхуэм, ахэр.
Схуэдэу жэнэтым кърахуахэр
Къызэсшэлъэну сыхуежьат,
Арщхьэкlэ зым сызэхихакъым,
Ящыщи гъусэ къысхуэхъуакъым.
КъэзмыцIыхужт сэр дыдэм ахэр:
Итхьэлэу губжьым, я нэр къикIт,
Къапсэлъу хъуар зэхэзмыщIыкIт.
СшэщIащ си дамэр, сышынауэ,
СыкъемыплъэкIыу сылъэтэну,
Арщхьэкlэ уздэкIуэнур дэнэт?
Къыпхуэмеиж жэнэтыр хъуауэ,
Ныбжьэгъуу хъуам укъагъэнауэ
Гугъущ уафэ щIыIэм укъинэну.
ЗезыгъэкIуэн щимыIэм деж,
Апхуэдэу яхьыр кхъуафэжьейр
ЗыIэрыхьа толъкъун къуейщIейхэм,
Ириджэгуну фIэкI хуэмейуэ.
Апхуэдэу уэгум итщ пшэ закъуэр,
Зэрихьэу и щхьэр, псэр къезауэу,
ФIыцIагъэр хуэмурэ къыхыхьэу,
ИджыкIэ зыми бгъэдэмыхьэу;
Тхьэрщ зыщIэр абы и гукъанэр,
Къихьэнур и щхьэ - зым имыщIэ!
Сэри щытакъэ сыщхьэхуещэу,
Щыху Iэджэ щIэту си унафэм,
ХэзубыдыкIыр згъэудафэу,
ПсынщIэу езгъасэу гуэныхь щIэным.
Сигу илъыр хэтыт къэзыщIэнур?
Яхэлъыр фIыуэ Iейм хуэзгъакIуэрт,
Iейр сщIырт зэрыхъукIэ нэхъ Iеиж.
КъыхэсщIыкIащ сэ зым хъунщIакIуэ,
Адрейм - зи къуэшыр зыукIыж,
Хэтщ къэзылъхуами щымысхьыж...
Арщхьэкlэ пщIэншэт си гугъуехьыр.
Къызэфыгъуэжт дунейм щискъухьыр.
Щымыхъум - къуршым сихьэжащ,
Си гугъэу си лъыр згъэупщIыIуу.
Сывагъуэижти, хъуамэ жэщ,
Зэпысчт тэлайм гъуэгуу щыIэр,
ЛIэныгъэм си псэр зыIэпишэу,
Сщыгъупщэу сызэрыуахътыншэр.

(КIэухыр 5-нэ нап.)



# ДЕМОН

# Лермонтов Михаил и поэмэхэр



ЗэзыдзэкIар Ацкъан Русланщ

*(КIэухыр.)*

Хуимытыр лIэну сытым щыщ,
Зымыщlэм шынэ сыт и махуэ.
Абы дунейр мыIэфI къысщищIт,
Гупсысэ лейхэм сызэрахуэрт.
Гур згъэтIысыну - сапэувт
Жьыбгъэ ерыщым, уафэхъуэпскIым.
Щыблэм и мафIэмкIэ зызгъэпскIрэ
СигъэупщIыIужу уэшх етам,
Сэ уэгум Iэджэрэ ситащ,
Ар си хэкIыпIэ си гугъэжу,
Си гуныкъуэгъуэр зэлъытар
ЗыкIэрызгъэхуу къысщыхъужу!
Зэгуэрым ари сужэгъуащ.
КъызгурыIуащ сэ стелъ бэлыхьым
Зым и псэ гугъу зэрыдемыхьыр,
Сызэрылейри си фIэщ хъуащ.
АтIэми цIыхуу уафэ щIагъым
ЩызекIуэм гъащIэ псом яшэчыр
Пэмышэчэнут и хьэлъагъкIэ
Зы тэлай закъуэм си фэм дэкIым.
Сыт цIыхухэр? Къалъхури - мэлIэжыр,
Я гуащIэдэкIри хокIуэдэжыр.
Тхьэмрэ лIэныгъэмрэ щошынэ.
Щогугъ лIэжа нэужь тыншыну.
Нэхъ гугъущ си Iуэхур: си зэшыгъуэр,
Си гъащIэм ещхьу, кIэухыншэщ.
ИIэнкъым си пкъым сэ тыншыгъуэ,
Мащэ хуатIам ирахьэхыжу.
Си гущIэм блэшхуэ илъщ жыпIэнщ,
Зэм, зиукIыжу, сызэрихуэу,
МафIэлыгъейр зэм къыIурихыу.
АфIэкI щымыIэ къысхуэпэж.
Куэд щIауэ хъуакъэ си гур Iуащхьэ,
ЩымыIэж гугъэхэм я кхъащхьэ…

*Тамарэ*
СыткIэ сыхуей уи тхьэусыхэм,
СыщIебгъэдаIуэр сыт абыхэм?
Къэблэжьыжащ гуэныхьу птелъыр.

*Демон*
УэркIэ къэсхьауэ зыри стелъкъым.

*Тамарэ*
ДызэхахынкIэ мэхъу!..

*Демон*
Ди закъуэщ.

*Тамарэ*
Тхьэр-щэ!

Демон
Абы дэ дриIуэхукъым.
Зэрегъэзахуэ дуней хьэхур!

*Тамарэ*
Гуэныхь аргуэру умылъыхъуэ.

*Демон*
Жыхьэнмэм дыкIуэнщ зэщIыгъуу.

*Тамарэ*
Ухэту щытми, сынодаIуэ.
Псэхугъуэр сфIэзыгъэкIуэдауэ
Щытар уэрауэ къыщIокIыж.
А жэщхэр си гум имыкIыж.
Къоблыж пщIыхь Iэф си нэгу щIэтахэр,
Iумпэм усщIыни слъэмыкIыж.
Ауэ къыщIэкIмэ сыкъэбгъапцIэу,
Уи псалъэр фэрыщIыгъэу бгъабзэу -
ИтIанэ псори сфIэкIуэдащ,
Иужьрей гугъэр хэбутащ.
Сыт, жыIэт, си псэр зэрыпщIынур?
ЩымыIэу уафэм сыт скIэрылъ,
Уэ плъэгъуа псом сакъыхэпхыну?
Си гъащIэм хьэлэмэт хэмылъ,
УзэплъэкIыхукIэ иухынущ…
ИтIани гур къызэмыдаIуэ,
Уэ ныпхуэпабгъэу, къызодауэ,
ЕгъэщIэгъуэж зэрымышынэр.
КъыбгурыIуащ си Iуэху зытетыр.
Уэращ иджы си гъащIэм хуитыр.
Ухуитщ гущIэгъу сэ къысхуэпщIынум,
ПлъэкIынущ хэутэн сыпщIыну…
Зэхихыу уафэм тхьэ къысхуэIуэ
АфIэкI бзаджагъэ зумыхьэну.
Сыщхьэхуимыту сызыхуэкIуэр
Сыхуейт насыпу къыспэплъэну.

*Демон*
Щызэпщ1а махуэмкIэ дунейр,
И къутэжыгъуэмкIэ дунейм;
ЕмыкIуу къихьымкIэ бзаджагъэм,
Пэжыгъэм хэлъымкIэ къабзагъэу;
Игу щыщIэ псомкIэ дэхуэхам,
Гухэхъуэу иIэмкIэ текIуам;
ЯлъэкIыу хъуамкIэ мелыIычхэм,
Сэ къыспэщIэтхэм зэпымычу;
СызипэшэгъухэмкъагъэщIамкIэ,
КъагъэщIэжыну къахуэнамкIэ;
Жэнэт зэгуэр сызэрысамкIэ,
Жыхьэнэмэ сызыхэтамкIэ;
Уафэ лъащIэншэмкIэ, мы щIымкIэ,
Игуэшу гъащIэр ежэх псымкIэ;
Уи япэ нэпсу сэ слъэгъуамкIэ,
Узэрыбауэ мы хьэуамкIэ,



Си лъагъуныгъэмкIэ - тхьэ соIуэ,
АфIэкI бзаджагъэ сымыщIэну,
И лIапIэ зым сымылъыхъуэну.
АбыкIэ быдэу тхьэ пхузоIуэ!
Сыхуейщ сэ уафэм секIужыну,
Сызыхь пагагъэр ескъухыну,
Сыбдэпсэуну, Тхьэм селъэIуу,
Уигу къызэреуэм сыщIэдэIуу.
Сыхуейщ гуапагъэр си фIэщ хъуну,
ЗэфIэзыгъэкIыр зым имыщIэу
Iуэхуфlу хъуар зэхуэзгъэхъуну.
БлэкIа мафIэсхэм я лъэужьхэр
ГуфIэгъуэ нэпскIэ стхьэщIыжыну.
Дунейри хуиту ирегъагъэ!
НэгъуэщIщ сэ дяпэкIэ си лъагъуэр.
Си закъуэщ зэкIэ, щIы уи фIэщ,
ЗэхэзыщIыкIыр уи псэр нэсу.
Аращ щIэхъуари Тхьэм упэсщI,
Уэ тепщэныгъэр ныплъызгъэсу.
СызыщIэхъуэпс уи лъагъуныгъэм
И зы тэлайм щIэстынщ лIэщIыгъуэ.
Щыинщ гухэлъми си къарур,
Сыкъыщыгубжьым ещхьыркъабзэу.
ТIум щыгъуи шынэр си хьэрэмщ,
Зэхуэдэу тIуми сыщохъуапсэ.
Сэ уафэм нэскIэ усIэтынщ,
ПхуэсщIынщ пIэщхьагъ и нурыр вагъуэм.
Дунейм и тепщэу ущытынщ,
УрикIуэу лъапэкIэ Шыхулъагъуэм.
Абдежым, зым сыкъимылъагъуу,
Къэслъэтыхьынщ уи хъуреягъыр,
ЗыщызмыгъэнщIу уи дахагъым.
Хэхъуэнущ си псэр, слъагъуху утхъэу,
ЩIыр зыкIи уи гум къыщIимытхъыу.
Уэгу къащхъуэм уиту укъеплъыхым,
Плъагъунщ щIыр пэш зэлъыIуамыхыу.
КъыбгурыIуэнщ уэ псынщIэ дыдэу
Абы насып зэрыщымыIэр,
Дахагъэм пщIэ зэрыщимыIэр,
Лейзехьэм ари зэраубыдыр.
Уэ пщIэркъэ цIыхухэм я дунейр,
Жэщ хъуамэ, унэм щIэмыкIыфу.
Щытам сыт хъунт гухэлъ ящIыфу,
Щымышынэжу я пщэдейм.
Я лъагъуныгъэ - тегъэугъуэрщ
А гъащIэ кIэщIхэм схуэмыхьыххэр.
Уеплъамэ - я лъым и къэплъыгъуэщ,
УакIэлъыплъыжу щытмэ - кхъахэщ.
Я гум щыгъагъэр гъуэлэжам,
НэгъуэщI дахагъэхэм мэлъыхъуэ.
Зыхуэшэчынур хэт зэшыгъуэр?
Ещхь мыхъур хэт нэф къэплъэжам,
КъыхуэкIуэжа нэужькIэ гугъэр?
Мы зымкIэ цIыхуу щыIэр зэщхьщ:
ЯгъакIуэ гъащIэр техьэ-текIыу,
ЗылъэмыIэсым псэкIэ еджэу,
Я пащхьэ итым хуащIу нэщхъ.
Хэт мэжэщIалIэщ, хэт мэпIыщIэ,
Зыщышынапхъэри ямыщIэ.
МафIэм зэщIишэ хьэндырабгъуэрщ
Зэбгъэщхьыр ахэр, жыжьэу плъагъум.
Апхуэдэ махуэм къыхуэнахэм
Уэ къэбгъэщIэнур ящымыщ.
ЯтIагъуэ гъуэгур къэбгъэнамэ,
Шыхулъагъуэ нэхур къыппэщылъщ.
Уэсэпс уезгъафэу, уи гур къэплъым,
КъесшэкIыу уи бгым нэхущ пшэплъыр,
МахуэщIэ къэскIэ ухэсшэнщ,
Лъэтэгъуэ IэфIри уэзгъэщIэнщ.
Гур хэзыгъахъуэ фIэкI къиIуэнкъым
ИгъащIэ псокIэ уи тхьэкIумэм.
Лэгъунэ дахэ пхуэзухуэнур
Зэщхьынур мазэрщ, хьэзыр хъумэ.
Абы и блынхэр зэщIэзблэнущ,
Налкъутналмэс хэзгъэтIысхьэнущ.
Къысхутемыхыр уафэ лъагъуэм
КъыпхущIэсхынущ хым и щIагъ.
Узыхуей псори, жыIэ закъуэ,
ПхуэсщIэнущ - фIыуэ сыкъэлъагъу!..

## XI

Ар жиIэщ, мащIэу зыкъигъэщхъри,
Iупэ къэпщахэм ба хуищIащ.
Хъыджэбзым мафIэр зыхищIащ,
Игу цIыкIум къафэ иригъэщIу.
КъыщIэплъэрт Демон абы и нэм,
А плъэгъуэм жэщыр пхилыгъукIт,
Нэджыджхэр къамэу хэлыдыкIт.
Зэм бгъэ абрагъуэт, зэм блэ уэну
Псэм я нэхъ къабзэм къыщхьэщытт.
ХуэмыбзыщIыжт игу зэрыхэхъуэр.
Абы и плъэгъуэм хэлъа щхъухьым
Хъыджэбзым и псэр зэщIищтащ.
КIий макъым жэщыр къигъэщтащ,
УкIытэжыху тхытхащ и щIыфэр.
А макъым хэлът бзэм жимыIэфыр:
ФIылъагъуныгъэм я нэхъ IэфIыр,
КъиIуатэу пщащэхэм я хьэл -
ЛъэIу къаруушэ гум къиIукIыр;
ЩIалэгъуэ дахэм зэрыпыкIым
И гуныкъуэгъуи абы хэлът.

## XII

Пщащэм и гъащIэр зэрихъуэкIыу
А псор пэш зэвым къыщекIуэкIым,
Жэщ даущыншэм сакъыу хэплъэу,
ХъумакIуэм пщIантIэм къыщикIухьт.
Къулъшырыф блынхэм мывэу хэлъыр
Ибжьыжу зэми къыпщыхъунт.
ЩыблэкIым пщащэм и щхьэгъубжэм,
КIий макъ къэIуауэ къыщыхъуащ,
ЩэIу макъ абы къыкIэлъыкIуащ
Зэ зэхэхыгъуэрэ щэхубзэу.
ЗэпхыдэIукIыу еса лIыжьым
Зыкъиплъыхьащ, гурыщхъуэ ищIу,
Арщхьэкlэ щымт ихъуреягъыр,
Акъужь Iэ щабэр жыгей щIагъым
ЩIопэщэщыхь, жумыIэ закъуэм,
Бгы лъапэм щежэх псым и макъыр
Зэрыщытауэ къэплъытэжым.
И натIэр Iэщхьэмкlэ илъэщIри,
Тхьэм елъэIуащ щэнейрэ лIыжьыр,
Жин Iэмэпсымэр щхьэщихыну,
Зыгуэрым лей къытехьэу щытмэ -
Зыхэт гуIэгъуэм къыхихыну.
КъызэплъэкIыжурэ хэщэту,
ЗыхищIэу зым зэрыхуимытыр,
Къэшына лIыжьыр ежьэжащ.
Мы жэщыр зым хуэмыдэ жэщт.

## XIII

Ар дэлът пхъэмбей гъэщIэрэщIам,
И нэгур уэсчэсейуэ хужьу,
Зэрыхуэпар хъуэпсэгъуэм щыщу.
Нэбжьыцхэр нэкIум кIэрыпщIат.
Ар жейуэ фIэкI къыпхуэмыщIэнт,
КъыщIыхэщтын дунейм темыту.
Е, зэтрипIауэ нэ пIащитIыр,
Ба IэфIым пэплъэ къыпфIэщIынт.
Арщхьэкlэ пщIэншэу дыгъэ бзийхэр,
Зэрыхущытыр яубзыхуу,
Зэрыхуэзэшыр кърагъащIэу,
Абы и щIыфэм едэхащIэрт.
Iыхьлыхэр бжэуэ гъырэ пэт,
Абы и напIэр къимыIэтт.
Гъэгъа Iэрамэхэр и гупэ
Хигъэгъуэлъхьауэ къыпщыхъунт…
ЛIэныгъэм умылъагъу мыхъур
Тригъэуат абы и Iупэм.

## XIV

И хьэгъуэлIыгъуэр щаIэтаи
НэгъуэщI гуфIэгъуэ щыхэтаи
Iыхьлы гумащIэхэм Тамарэ
Ямыхуэпат апхуэдэу дахэу.
Къыщащыпат гъэгъауэ хъуари
Абы псэм пищIу щыта лъахэм.
И сабиигъуэм хэлъа IэфIыр
Хэпщат а удзхэм я мэ гуакIуэм.
Къэнауэ хъуари жимыIэфу
Уэрэду бзухэм зэхуагъакIуэрт.
Езыр, уэс Iэтэм ещхьу, щылът.
Ар лIауэ хэт и фIэщ хуэщIынт.
Зэрыдзыхар къыпхыщт и нэгум,
Мыл кIанэу гуфIэр Iупэм тест,
Ныбжь гуэр мыхъейуэ итт натIэгум.
А псор лIэныгъэм и нэм ещхьт.
Абы и теплъэм куэд къыбжиIэрт:
Абы гурыщхъуэ щIыIэр хэлът,
Абы уи фIэщ ищIыну хэтт
«Къысхуэгъэгъу» псалъэр зэрыщыIэр.
А псори ещхьт пщыхьэщхьэм деж
Къуршыщхьэ мылым къыхэщ пшэплъым,
ИсыкIа махуэм и фэеплъым.
А теплъэр дахэу къэмынэжт:
Мыл щIыIэм бгъэгукIэ ихъумат
Я сурэт нэхур дыгъэм, махуэм -
ЯгъэткIун Iуэхур зезыхуахэм…
А псори псыхэкIуадэ хъуат.

## XV

Iыхьлыхэр, зым памыщI гъунэгъухэр
Гъуэгуанэ хьэлъэм хуэхьэзырщ.
Ерагъыу нэпсыр зэтриIыгъэу,
Гъудали и шым мэшэсыж.
Зэдожьэ шыгухэр, зэдэщэIуу,
Жэщищ-махуищкIэ гъуэгу тетыну.
Ежьащ мащэтIхэр нэхъ пасэIуэу,
Дахащэм мащэр къыхуатIыну.
Ар щыщIалъхьэнур лъэпкъым и кхъэрщ,
А кхъэр здэщыIэр щомыщыкъуэщ.
Гъудал и адэм я адэжхэм
Ящыщ зыгуэр щытат лIы хъыжьэу.
Дунейм тетащ ар, щысхь имыщIэу,
Гъуэгуанэ тет хуэзам - ихъунщIэу.
Псэуащ ажал ерум къыдэжэу.
Арщхьэкlэ хэт ажалым текIуэр.
ЗэрылIыкIынур къыщыхуэкIуэм -
Бгым къулъшырыф трищIыхьыну
ЛIы угъурсызым ещI мурад.
АбыкIэ «къабзэ» зищIыжыну
Лей зезыхьам и гугъэу арт.
Куэд мыщIэу, уафэм лъоIэс жыпIэу,
Бгым къулъшырыф тралъэгъуащ.
ЛIы бзаджэм и пкъым ар псэхупIэ,
Ягъеижа нэужь, хуэхъуащ.
Унагъуэм и кхъэу къулъшырыфыр
А махуэм лъандэрэ къокIуэкI.
ХэлIыкIыу хъуар а кхъэм щIиуфэу,
Зы щIэблэр адрейм зэрехъуэкI.

## XVI

ЗыхигъэпскIыхьу хьэуа щхъуантIэм,
Щызеуэрт уафэм мелыIыч.
Илэжь Iуэхуфlыр и фIэщ хъуати,
Мы дуней дахэм щыгуфIыкIт.
Абы и гъусэт псэ лъэтэжыр,
Ар IэплIэ хуабэкIэ игъэнщIт.
Псалъэ дыгъэлкIэ игъэтхьэжырт,
Гурыщхъуэ лъэпкъ иримыгъэщIт.
Гуэныхьу телъым хухигъэщIу,
Емызэшыжу Тхьэ хуелъэIут.
Зэхэзыхар игъэгумэщIу,
Жэнэтым къикI макъ щэхур къэIут…
Абы я гъуэгур зэпиупщIу,
Жин фIыцIэ кIыфIым къыхолъэт.
Къыпех и дамэм уафэхъуэпскIыр,
ЗэпилыгъукIыу уафэ къуэпсхэр.
Лъэужь къегъанэ, ещхьу кIагъуэм,
И къару бзаджэм зеузэщI.
МэкIий жин фIыцIэр, хъийм икIауэ:
«Ар зым естынкъым - зейр сэращ!»
Тамарэ и псэр къэшынащ.
ЗрекъузылIэ мелыIычым,
ЕлъэIуу Тхьэшхуэм зэпымычу.
Аргуэру Демон хуэзэжащ.
Арщхьэкlэ гуапэу щыта жиныр
И фIэщ мыхъунт къиуIыхужыну,
Зэхимыхатэм зэрыпсалъэр:
И нитIым губжьыр къыщыкъуалъэрт,
Гужьгъэжь мыухым къызэгуичт,
ФIыцIагъэу щхъухьыр и пэм къикIт,
ЗылъэIэс псори игъэгъуалэу.
Кхъэм и мэ щIыIэр къыкIэрихт
Шэху кIанэм ещхь абы и нэкIум.
ТкIийщ мелыIычри, димычых.
ИрикъузылIэу псэр и бгъэгум,
ЩIокIие жиным мыцIыкIуфэкIуу:
«Жин фIыцIэ, псынщIэу зыгъэбзэхыт,
Лей къыптехьэну ухуэмейм.
Си бгъафэм щIэлъым къеIусэххи -
Утезгъэтынкъым мы дунейм.
Хъунщ къэбгъэщIар уэ ущыкIауэ,
Я гущхьэр псоми ипкъутыхьу.
Иджыри къэс зэхэпщIыкIакъэ
Куэд напэншагъэм зэримыхьыр?
Уи жэуап тыгъуэм ухуэзащ,
Ар пIызыхынур Тхьэшхуэращ.
Дунейм бзаджагъэу щызепхьамкIэ,
Гуэныхьу уи псэм къытехуамкIэ -
Жыхьэнмэри пхуэмыфащэ,
Абы щашэчыр уэркIэ мащIэщ.
УкъемыIусэ афIэкIа
Жэнэтыр зэжьэ мы псэ къабзэм.
Хъунщ абы щIылъэм щишэчар,
ФIылъагъуныгъэм щхьэкIэ хъуапсэу.
Ар щыщт зи гъащIэр вагъуэижым,
КъыщIидзэу нэгум - хэкIуэдэжым,
Сынос щыжиIэм зыхуэпабгъэм,
Я нэхъ гущIыхьэу къагъэпцIэжым…
Зэран умыхъуу текI ди лъагъуэм.
Уи псалъэм зы и мыхьэнэжкъым!»

Ар жиIэу, нэр зэригъэдзэкIыу
Еплъащ жин фIыцIэм мелыIычыр,
И нитIым шынэ щIилъагъуэху.
ЩIилъагъуэщ, и псэм жиIэщ уэху,
ЗиIэтри - вагъуэм щыщ хъужащ.
Жиным и нэпсыр къыщIэжащ,
КъыфIригъэблри лIыгъэншагъэм.
ЗэщхьэщыкIащ дунейр Iыхьитlу.
Хъуащ дуней ныкъуэр кIэгъэпшагъэ,
Жин фIыцIэм и гум зыкъыдищIу,
Псэ къабзэ зиIэхэр имыдэу;
Адрейр - къэнащ зэщIэблэу, пщIыпщIу.
Демон гъуэгу кIыфIым техьэжащ,
Жьыр игъэфийуэ и гур гъуанэу,
Гъуэгу псыIэр уафэм къыщигъанэу;
И гугъэ нэпцIхэри ижащ!..

КIэрыту мывэр зэбэкI джабэм,
Щхьэщыту бжэнхэм я зекIуапIэм
Болъагъу иджыри къулъшырыфыр,
Зыхуумыгъэщхъыу ублэкIыфкъым.
Мыбдеж къыщожьэ хъыбар Iэджэ,
Нобэрей махуэм къепэгэкIыу…
Щытщ къулъшырыфыр, ещхьу сыным,
Екъу хуэдэ уафэм лъэIэсыну.
ИгъэуфIыцIащ и нэгу щIэкIам,
Жыглыцыр Iуву къытекIащ,
КъэчапIэм жыг къыдэкIыкIащ,
ИтIани уи нэр ехъуэпсэнущ.
Бгы лъапэм къуажэ щытепхъащ,
Абы дэт жыгхэм Iэ къыпхуащI,
Унагъуэ къэс урагъэблагъэу,
КъыпщыгуфIыкIрэ - къыпхуэгъагъэу,
Я тхьэмпэр гъуалэу, ублэкIам.
Тетщ гъуэгум Iэджэ, щхьэр зэрахьэу,
Хэт чырэщ, хэти шу щхьэ закъуэщ…
Щожэх аузым къуршыпс уэрыр,
Уафэгуми щIыгуми дэуэршэру.
Толькъунхэр йох, къызэплъэкIыжу,
Зыгуэр кIэлъыджэу къафIэщIыжу.
Къуршыпсым сыт къыфIэIуэхун -
ЩIалэгъуэ защIэу ехь и гъащIэр,
Сабийуэ зэми мэхъу еIуящIэ.
Зылъыхъуэр джэгуэгъу къыхуэхъунщ.

Нэщхъейщ сыт щыгъуи къулъшырыфыр,
Къыхоплъ абджынэхэри псыфу.
Унагъуи благъи я нэщIэбжьэ
Зылъэгъуа лIыжьыращ ар зэщхьыр.
А псом и щIыIукIэ сыт ар зэжьэр?
Ар зыщIэ теткъым мы дунейм.
Абы щыпсэухэм, къэсмэ жэщыр,
Хуит мэхъури - Iэджэ къаугъуей.
ЗэIуещэ хуэму бэджым и хъыр.
Зыгуэр зопщыпщэ, и бгъэр хъырхъыу.
Зэрыунагъуэу шындырхъуохэр,
Зэдэджэгужу, утыку къохьэ.
Къыдопщ зыщIыпIэ сакъыу блащхъуэр.
Зэм зыкъешыхьыр абы щащIэу,
Зэм джатэ лыду зеукъуэдий.
И теплъэм уи псэр егъэдий.
А псом лIэщIыгъуэхэр хокIуадэ.
Гъудал и гъащIэр къэзыIуатэ
Иджы мыбдежым щыплъагъужкъым.
Тамарэ щхьэкIэ зыгуэр щатэу,
УпхыдэIукIми, зэхэпхыжкъым.

ИтIани, зым иримыудыфу,
Хуэпэжщ абыхэм къулъшырыфыр.
ЛIы пагэм ещхьу, тетщ лъагапIэм,
Пшэр бгъэжьу тесщ и дамэ къуапэм.
ЩетIагъэ уэсыр щIакIуэ хужьу,
Бащлъыкъыу пшагъуэр и пщэм дэлъщ.
Мывэ къыгуэхухэр пэмыжыжьэ:
Зы хуабэ кIапэ къызэрищIу,
Къехын хьэзыру мылым хэлъщ,
Зэрыхъуу жэщ, къыпхуащIу нэщхъ.
Абдежым жьыбгъэм къыщежыхьыр.
Мэкъугъ ар кIыхьу, уи гум щIыхьэу,
Тхьэм ещIэ и бзэм хужымыIэр,
ЩIэхъуущIэр, мывэм пхидзу щIыIэр.
И хъыбар щэхухэр къулъшырыфым
Нэсащи куэд здынэмысыфым -
Мы щIыпIэм плъакIуэр хузэблокI.
Пшэ Iэджэ хым къызэпрокI,
Щыджэгуу гъуэгум, хъийм икIауэ,
Мыбдежым къосри - я фэр покI;
ТхьэкIумэ лейхэр ягъэкIауэ,
Къыщхьэщоувэ къулъшырыфым,
Арщхьэкlэ зыри къыпахыфкъым.
Щытщ, пшагъуэм пхыплъу, къулъшырыфыр,
Дэтхытхыу и щымагъым щIыфэр…

# КЪАНЛЫ

I

«Иджы, и пIалъэр къыщысакIэ,
НыпхуэсIуэтэнут сэ зы щэху.
Тхьэм и Iэмыру пхуэзгъэпсащи,
Уэ си чэнджэщми къыщIэдэIу.

ЗэгъащIэ: Тхьэм укъихъумащ,
Игъэлъэгъуэну хузэфIэкIыр.
УкъыIэщIихри уэ лIыукIым,
Захуагъэм машIэу хигъэхъуащ.
Ехащ алъандэрэ псы Iэджэ.
Иджы Iыхьлыхэм я псэр къоджэ,
ПщIэжыну уилъ уэ къыпщогугъ,
Зэман уиIэжуи си фIэщ мыхъу,
Сыт щхьэкIэ жыпIэм - бийри къощэ:
Уэ упсэухукIэ абы ещIэ
ЗэримыIэнур псэ тыншыпIэ.
УщиувакIэ иджы лIыпIэ,
Лъыхъуэнщ ар нэхъри уи кIуэдыпIэ.
Уи адэ-анэр, шынэхъыжьыр
ЩыIэщIэкIуадэм лIыукI хъыжьэм,
ЩIэтар я нэгум уэ зыращ,
Зыщыгугъар уи лIыгъэращ.
Уи бийр, зэгъащIэ, Акъболэтщ,
Аращ гущIэгъу зыхуэмыфащэр.
IэфIыншэ щIы абы и гъащIэр,
ИтIанэ ажал егъэгъуэт.
Ирахьэха нэужь ар мащэм,
ЗэщIэгъэгъэнщ уи лIам я кхъащхьэр,
Уэри уи гъащIэр хъунщ нэхъ нэху...»
Молэ лIыжь тхъуам а псор жиIэху,
ЩIалэщIэм и нэр щIым щыIащ.
Ар псалъэ къэскIэ щIэдэIуащ,
ТемыпыIэжу къеуэу и гур,
И къамэр къилъэтыну хъуапсэу.
Лъыхъуат ар щэхуу зэрыцIыкIурэ
Бий бзаджэм и цIэр къизыIуэн,
Иджы хуэмейт къэгъэдэIуэн:
Ар щIапIыкIат адыгэ хабзэм!..

II

ЗэрикIрэ махуэр Iэджэ щIащ.
Шыхулъагъуэр пшэм игъэкIэщIащ,
ЩIихъумэпэнуи зэм йохъуапсэ.
КIуэсэну хэт къыпфIощIыр мазэр,
ХэкIуэтым зы пшэм - адрейм макIуэ.
Емызэш жыыбгъэри мэщакIуэ,
Зригъэхуэхрэ - нызэкъуэплъу,
ЗыкъиIэтыжрэ - къуакIэм елъэу,
Дамэ сабалъэр къырхэм дилъэу.
Хьэжы щIалэщIэр жэщым пхокI,
И къамэ Iэпщэр фIикъузыкIыу,
И нэм кIыфIыгъэр пхрисыкIыу.
Абы Iуплъар и гъуэгум токI.
Хъуащ пэгъунэгъу бийм и бжэщхьэIум,
И къамэр хуэмурэ кърех.
Iу бахъэ пщтырыр къыIурех.
И бийм и макъри зэхех,
ХузэхэгъэкIкъым Iуэщхъурэ щэIурэ.
ЩIалэщIэм, куэдрэ мыгупсысэу,
ХеIу бийм и гущхьэм къамэ щIыIэр,
ХеIуэнтIыхьыж, къарум щымысхьу.
Илъ ищIэжыну щыхуежьакIэ,
Иджы къэгъазэ щымыIэж.
Зым и псэр хьэршым нигъэсакIэщ,
Ауэ иджыри тIу иIэжщ.
Къуэм и лъым адэм илъ утхъуар
Химыгъэлъадэу игу зэгъэнкъым,
Пхъу ТхьэIухудми ебэкъуэнкъым...
Къохутэ пащхьэм лIыжь щхьэ тхъуар
ЗэлъыIухащ абы и нэгур,
ЛIыгъэншэм и мэ щымыуа.
Иджыри щызщ къарур и бгъэгум.
КъыщыIуплъами и бий фIыцIэм
КъыхэщтыкIакъым абы и псэр,
ПащIэшхуэм щыщу зыц мыуа,
КъыщIэмыща и нитIым лъэIу.
ПлъэмыкIт абыхэм ущIэплъэн,
ПщIэ лей хуумыщIу я Iущагъым.
Щыджэгут и Iупэр пащIэ щIагъым,
КъыпфIэщIу жэщым хэлъэтэн.
Мы тэлай бзаджэм Iэджэ щIауэ
Ар хуэхьэзыру къыщIэкIынут...
Бий гущIэгъуншэр хигъэщIэнум,
Сыт зыщIиIэжьэр щIалэ хъыжьэм,
КъыхигъэщIэнкъэ, япэ къищым?
Мэлыдри къамэр - мэщэIу лIыжьыр,
Хуэм дыдэу и пIэм йощэтэж.
Щытщ лIыжьым и псэр хэлъэтыху,



Гравюрэхэр Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI ПАЩТЫ Герман ищIащ.



Мыджылу и нэр, щIалэ хъыжьэр,
ИтIанэ пщащэм лъыхъуэу йожьэ,
Ауэ зылъыхъуэр имыгъуэт.
Абдеж пшэ фIыцIэр щхьэщокIуэт,
И нурыр пэшым къыщIегъапсэ,
Хьэдэ къуаншитIыр къигъэнэхуу,
Иплъыхьу пщащэ жейм и нэгум.

III

Хъыджэбзыр зэщхьыр мелыIычт.
Ар мазэ нурым хэлыдыкIт,
Ущызэпхыплъу хужьт и щIыфэр,
Iупэ къэпщари зыхуэгуфIэр
ПщIыхь IэфIым къыщепсалъэ хъунт.
ЩIалэгъуэ пщIыхьым сыт пэхъун.
Зытэлай гуэркIэ къэушат,
Къызэтрихат абы и нитIыр,
АрщхьэкIэ псынщIэу жеижащ,
Имылъэгъуауэ пащхьэм итыр.
Аргуэру пщIыхьым хыхьэжащ,
ИмыщIэу и псэм къыпэщытыр.
Щэху зэфэзэщым щыщ хъужащ
АфIэкI къэмыплъэжыну нитIыр.
Щытт щIалэр, еплъу ТхьэIухудым,
Щхьэм илъыр и гум къыхуимыдэу,
Ауэ лъыщIэжыр хабзэ ткIийщ,
Абы и гъуэгум утехьамэ -
Къэбгъэзэжын пхулъэмыкIын.
Щолыд аргуэру жэщым къамэр,
ГущIэгъуншагъэр къызэпхыпсу.
Къылъос аргуэру хьэршым зы псэ.

IV

Алэрыбгъу лъапIэм тесщ молэр,
Дигъажэу щыгъэр и гупсысэм.
Къыщохъу фIэфI псори къехъулIэн,
ЗэфIэкI и гугъэщ, Тхьэр и гъусэм.
Хэт-тIэ бжэщхьэIум къебэкъуар,
Дэгызу и гур бжэ Iух макъым?
Ар хэтми насып лей лъысакъым,
Хагъэныжащ IэфIыгъэу хъуам.
ЛъэIуакIуэ гуэру къыщIэкIынщ...
Къыдэплъеящ молэр щхьэхынэу.
Абы и пащхьэ итт Хьэжы,
И нитIыр дэпу къыпщыхьуну.
Бзылъхугъэ щхьэц къыпиупщIар
Лъы защIэ Iэгум ирикъузэрт,
Щхъыщхъыжу и дзэр зэтрикъузэрт.
«Iизыншэу Iуэхур згъэзэщIащ», -
ЖиIащ, и макъым псэр дэтхытхыу.
Молэр хэтат щIалэщIэм щытхъуу
Игу фIы хуищIыну, ауэ хъуакъым.
Аргуэру къамэр убзэщхъуакъым.
ЯлъэщIыхьэжу хьэршым кIуахэм,
Молэми и псэр хэлъэтащ.
Ар зылъагъу мазэр ткIу пэтащ...

V

Тхьэм къыхихам ящыщ зы Iуащхьэм
Сын хужь къытощыр, плъырым ещхьу.
Ар къухьэж дыгъэм кIэлъоплъыж,
Нэщхъей хъужарэ и фэр пыкIыу.
Абы тетхам къемыджэу блэкIым
Куэд фIэкIуэдауэ къыщохъуж.
Къеухъуреихь ар хьэцыбанэм,
Къигъэпсэлъэну зришэкIыу.
ЗыдэпщIмэ сын гъэжам и плъэкIэм -
Уэгу зэрызехьэр нэгум щIокIыр,
Ирихьэу гугъэхэр архъуанэм.
Къыпщохъу щIыр лъэгум щIэкIуэсыкIыу.
ПфIощI мывэм и гур къиузыкIыу.
Къимылъыхъуэжу мы дунейр,
Езы дунейми щыгъупщауэ
Мыбдежым щIэлъщ молэр куэд щIауэ.
Жьыр, мыбы къэсым, мэпэбжьауэ,
ПлъэкIынум къащIэ ар зыхуейр.

VI

Дунейм щызокIуэ хъыбар Iэджэ.
ЕIуатэ ахэм ящыщ зым,
УдэкIмэ къуажэм, уикIмэ псым,
Жин зэмыфэгъухэр щызэблэкIым
Къыщыунэхуауэ зы ныбжь гуэр,
Иджы а гъуэгум ирикIуэн
Щумыгъуэтыжу Iэхэлъахэм.
Мэлъыхъуэ псори нэгъуэщI лъагъуэ.
А ныбжьыр и пIэм имызагъэ.
Щышынэу жаIэ ар зы закъуэм:
ЯIуатэ, пшэплъ къызэрилъагъуу,
ЗыщигъэпщкIужу и бгъуэнщIагъым.
Ар бзагуэу зэм ягъэхъыбарт,
Зэм жаIэрт имылажьэу зыри...
Зыт щызэтехуэр жаIэу хъуам -
Къанлыт абы зэреджэр псори.
Дэтхытхт а псалъэм гури псэри.

# Лермонтов Михаил и поэмэхэр



## ЗэзыдзэкIар Ацкъан Русланщ

## Урыс усакIуэ щэджащэм и тхыгъэхэм теухуауэ

### ШЭРДЖЭСХЭР

Кавказ поэмэхэм щыщу Лермонтовым япэ дыдэу итхар мыращ. Ар дунейм къытехьащ 1828 гъэм. Поэмэм лъабжьэ хуэхъуащ усакIуэм езым и нэгу щIэкIахэр, къыхуаIуэтэжа хъыбархэр. Тхыгъэр теухуащ шэрджэс пщым къэзакъхэм гъэр ящIа и къуэшыр хуит къищIыжыну зэрыхэтым. Поэмэр усакIуэм иужькIэ итхахэм къащхьэщокI шэрджэсыр урысхэм гъэр зэращIымкIэ, урыс Iэщэр текIуэу зэриухымкIэ. Ар и щыхьэтщ поэмэр щитха зэманым усакIуэм Кавказым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм яхуиIэ щытыкIэр иджыри зэфIэувауэ зэрыщымытам.

### КАВКАЗ ГЪЭР

Поэмэр усакIуэм 1828 гъэм, и ныбжьыр илъэс 14-м иту, итхащ. Пушкин А. С. и «Кавказ гъэр» поэмэм мыр зэрещхьым куэд тепсэлъыхьащ, ауэ а тхыгъитIыр зэрызэщхьэщыкIыр Iэджэщ. Лермонтовым и лIыхъужьыр, Пушкиным и лIыхъужьым хуэдэу, игукIэ ехуэхыркъым, абы и псэр хэкум хуопабгъэ. Поэмэм хэт адыгэ бзылъхугъэ цIыкIуми хьэл быдэ иIэщ, фIыуэ илъэгъуам щхьэкIэ сыт хуэдэ Iуэху шынагъуэми тегушхуэну хьэзырщ. Лермонтовым и поэмэр еух урыс щIалэмрэ адыгэ пщащэмрэ зэгъусэу хэкIуадэу. Кавказым лей щызезыхьэ урыс Iэщэм Пушкиным тригъэлъадэ щытхъупсри Лермонтовым и поэмэм щыбгъуэтынукъым. Нэхъ иужьыIуэкIи мы темэм зыхуагъэзащ урыс тхакIуэшхуэхэм. Псалъэм папщIэ, Толстой Л. Н. и «Кавказ гъэр» тхыгъэ гъуэзэджэми псори щыгъуазэщ.

### ИСМЭХЬИЛ-БЕЙ

Поэмэр усакIуэм 1832 гъэм итхащ, и ныбжьыр илъэс 18-м иту. Мыбы нэхъ ин, Iуэхугъуэ нэхъыбэ къызэщIэзыубыдэ Лермонтовым и Кавказ поэмэхэм яхэткъым. Ар зытеухуар епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и щIэдзапIэм Кавказым щекIуэкIа Iуэхугъуэхэрщ.

Поэмэм и лIыхъужь нэхъыщхьэм и образыр усакIуэм къытрищIыкIащ урысыдзэм къулыкъу щызыщIа, Урысеймрэ Тыркумрэ зауэ щызэращIылIам, лIыгъэ зэрихьэу хэта, адыгэхэм нартым ирагъапщэу щыта пщы цIэрыIуэ ХьэтIэхъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ.

### КЪАНЛЫ

Поэмэр усакIуэм 1830-1831 гъэхэм итхащ. ЗытеухуакIэ ар егъэщIылIащ «Бэстунджы жылэ», «Абрэдж хьэжы» поэмэхэм. Кавказым ис лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ хабзэм - лъыщIэжым - теухуащ. Поэмэм лъабжьэ хуэхъуауэ къалъытэ адыгэ хъыбархэм ящыщ зы. А хъыбарыр иужькIэ Хъан-Джэрий и тхыгъэм къыщигъэсэбэпауэ щытащ. Поэмэм и лIыхъужь нэхъыщхьэм хулъэкIыркъым и лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэм ебэкъуэн, ауэ и псэр пэщIэтщ лъыщIэжым пыщIа гущIэгъуншагъэм, абы къихь насыпыншагъэм. ЛIыукIыр усакIуэм псэ зыпытым дежкIэ нэхъ шынагъуэ дыдэм хуешэ - щхьэ закъуэу къегъанэ.

### АБРЭДЖ ХЬЭЖЫ

Мы поэмэр усакIуэм итхащ 1833 гъэм. ЗытеухуамкIэ, и ухуэкIэмкIэ адыгэ IуэрыIуатэм щыщ хъыбархэм пэгъунэгъущ. Поэмэм хэт Бей-Болэт пщым (ар «Исмэхьил-Бейми» хэтщ) и образыр усакIуэм Тэмазэ Бей-Болэт къытрищIыкIауэ къалъытэ. Тэмазэ Бей-Болэт къумыкъу пщы Сэлэт-Джэрий и адэр зэриукIам, ар езыр къиукIыжу Сэлэт-Джэрий илъ зэрищIэжам и хъыбар щыIэщ, ар усакIуэм къигъэсэбэпагъэнкIэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

### БЭСТУНДЖЫ ЖЫЛЭ

Поэмэр усакIуэм 1834 гъэм тхын иухащ. Абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэр щекIуэкIыр Псыхуабэ и Iэхэлъахэрщ. ЕпщыкIуянэ лIэщIыгъуэм и кIэм - епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и пэхэм Бешто бгы лъапэм щIэсащ Бэстунджы жылэкIэ зэджэ адыгэ къуажэр. 1804 гъэм и ужькIэ, адрей жылэ куэдми хуэдэу, ар ягъэсауэ щытащ, щыпсэуахэри, Къэбэрдейм къыпыуда зэрыхъуам къыхэкIыу, бгым ихьэжат. 1825 гъэм Лермонтовыр (щIалэ цIыкIуу) мы щIыпIэм щыIащ, ауэ абы щыгъуэм усакIуэм илъагъункIэ хъуну щытар илъэс тIощI и пэкIэ ягъэса къуажэм и лъэужьхэрщ. Поэмэр щитхым, усакIуэм къигъэсэбэпащ а зэманым адыгэхэм зэIэпахыу щыта хъыбархэр, псом хуэмыдэу Къаниболэтрэ Антинокъуэрэ зэкъуэшитIым я хъыбарыр.

### КIУЭРЫКIУЭСЭЖ

Поэмэр Лермонтовым 1838 гъэм итхащ. Кавказ поэмэхэм щыщу иужь дыдэу дунейм къытехьар мыращ. Мы тхыгъэри усакIуэм къытрищIыкIащ Кавказым щызэхиха хъыбархэм. Поэмэр щыхьэт тохъуэ Лермонтовыр Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я IуэрыIуатэм фIыуэ щыгъуазэу зэрыщытам. «Исмэхьил-Бейми» хуэдэу, поэмэм Iэзэу къыщыгъэсэбэпащ лIыгъэншэр уэрэдкIэ ягъэпуду адыгэхэми Кавказым ис адрей лъэпкъхэми яIа хабзэр.

### МЦЫРИ

Поэмэр Лермонтовым нэхъ иужьыIукIэ итхахэм ящыщщ. Ар дунейм къытехьащ 1839 гъэм. Тхыгъэм лъабжьэ хуэхъуар генерал Ермоловым Куржым здиша, сымаджэ зэрыхъуам къыхэкIыу къулъшырыфым къыщигъэна щIалэ цIыкIум и хъыбарырщ. Ермоловыр ди щIыналъэм зэрисар уигу къэбгъэкIыжрэ Мцыри игури и псэри зыхуэпабгъэ щалъхуа хэкум и теплъэр, и псэукIэр усакIуэм къызэригъэлъагъуэм укIэлъыплъыжмэ, уи фIэщ мэхъу а щIалэ цIыкIур зэрыадыгэр. «Шэрджэс щIалэ цIыкIу» - аращ, инджылызыбзэкIэ щызэридзэкIым, С. С. Конант поэмэм фIищар.

### ДЕМОН

Поэмэр усакIуэм и тхыгъэ нэхъыфI дыдэу куэдым къалъытэ. Лермонтовыр абы елэжьащ илъэсипщIкIэ, игу хуэмызагъэу, зэригъэзэхуэжу. Поэмэр тхын иухащ 1839 гъэм. Абы лъабжьэ хуэхъуащ хъийм икIа мелыIычым теухуауэ чыристан дин тхылъым ит хъыбарыр. Мы темэм дунейм и лъэныкъуэ псоми щыщу тхакIуэ, усакIуэ куэд елэжьащ, ауэ Лермонтовым езым и бгъэдыхьэкIэ къигъуэтыжыфащ. Поэмэм укъыщеджэкIэ, ар усакIуэм хьэршым къиплъу итхауэ къыпщохъу. Жиным и псэр лъагъуныгъэм, дахагъэм, ухыгъэ зиIэ гъащIэм къызэрыхуеIэр, а гугъэ дахэр зэпцIагъащIэу зэрыкъутэжыр тхыгъэм къызэпхопс, дунейр нэсу ухуа зэрымыхъуам и щыхьэту. Поэмэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр усакIуэм ауэ сытми Кавказым кърихьэлIакъым: дунейм и дахапIэр мырат, ауэ абы и ныкъусаныгъэхэр нэхъ щыплъагъури мыбдежт.

## КIЫЩОКЪУЭ Алим

### ЛЕРМОНТОВ

Уи лъагъуныгъэр си щIэщыгъуэу,
Ущызмылъагъум, си псэм хощI.
Дырелъ дэ дякум зы лIэщIыгъуэ,
Дызэныбжьэгъуу сэ къысфIощI.

Зэгуэр ди щIыпIэ укъыщахум,
А лейр пащтыхьым фIэмыкуэдт,
Абы уапищIри цIыху зэрахуэм,
ЖиIат: «УздэкIуэм ущыкIуэд,

Псым и куупIэм ухырехуэ,
Бгырысым я шэр къыптырехуэ!» -
Аращ ерыщым игу илъар.
ИтIани псоми укъелащ.

Ди цIыхум ящIэрт хэт ди бийми,
Нэмыплъ ди щIасэм ирамыхт.
Ди гущIэр гуауэм игъэдийми,
Я щэIу зэуакIуэм зэхыумыхт.

Уэ Iэщэ пIыгъыу укъэкIуами,
Дэ уэ нэхъ щIасэ димыIа.
Уи псалъэр дэнэ къыщыIуами,
Ар IэфIти, ди гур къиуIат.

Нэгумэ Шорэ хъыбар мащIэ
И жьэгу удэсу уигъэщIа?
Исмэхьил-БеикI кIэщIт и гъащIэр,
Арщхьа цIэрыIуэ уэрщ зыщIар.

Я нэхъ кIэщIами уиIа гъащIэр,
Сэ узихьэщIэщ нобэ къэс,
ТIэкIу ибодзэкIри щIакIуэ къуащIэр,
Ди адыгэшым уэ уошэс.

Уошэсри, къуршым унолъадэ.
ШууитI: зыр сэрми, зыр Къайсынщ,
Дэ тIур уэ хьэщIэм дыбдокIуатэ,
Ди гугъэщ жыжьи дынэсын.

Пшэ пыIэр къуршым щхьэрахауэ
Гъуэгуанэ кIыхькIэ къытщогугъ.
Уэри шу пашэу ухэтхауэ
Жьгъырууэ къэIур ди лъэрыгъщ.

### ПОРУЧИК ЛЕРМОНТОВ

Си къуэшым хуэдэу зылI щымыIэ
Инэрылыным щIэхъуэпса,
Ар хуэмыфащэуи жамыIэ,
ИтIани аркъым къылъысар.

Сэ дамэтелъым нобэм къэс
Сехъуапсэу си гур къимылъэт.
Поручик Лермонтов!
Нэшэс!
Уи шу лIы гъусэм сэ сахэтщ.

## ИУАН Бубэ

### ЛЕРМОНТОВ

*Люблю Отчизну я, но*
*Странною любовью.*
*М.Ю. Лермонтов*

Уи гъащIэ гугъур къэзэуат нагъыщэт,
Уи псалъэм къилъхурт хъуаскIэ,
мафIэ бзий.
Хэку лъагъуныгъэрт уэркIэ псом
нэхъыщхьэр,
Iэ пхъэхуеитIым жыжьэу къыпхуашийрт.

Уи лъагъуныгъэр инт, Индыл
бгъуфIэшхуэу,
Урысей губгъуэу, уигу лъэщыр убгъуат.
Гурылъ, арщхьэкIэ, псэкIэ къыбдигуэшуэ,
УкъыгурыIуэу хэт зыкъыпщIигъуа?

Уи гущIагъщIэлът уэ Тархан и мыжьыкъхэр,
КъыпхуащIырт уэри абыхэм пщIэ лей.
Ухуейт плъагъунуэ Урысейр хэку щыпкъэу,
КъыдихьэхыфуэIэслагъкIэ дунейр.

Уигъэжьт уэ гъунэ зимыIэж гущыкIыу
Пащтыхь нэпсейм уи лъэпкъым
къыхуихьам,
Уи напэр, хьэкъщ, укIытэм
кърижьыкIырт
Зи хэку ягъэсхэм ящыщ уIуплъам.

Дунейм и ханэр зыIыгъ пащтыхьыгъуэр
Гъэр ящIа лъэпкъхэр зыщаIыгъ лъэхъуэщт.
ЛIэщIыгъуэ куэдхэр къихьащ лъы
Iубыгъуэу,
(Сэ сщIэркъым хъуауэ ноби ар нэгъуэщI).

Пащтыхь бейгуэлхэр егъукIэ
пхуэнэрыгъти,
Нэхъ шэчыгъуейуэ щыIэр уи гурыгъут:
Уи пхъэхуей лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэр
Лъыиф тепщэгъуэм уэ
къыпщищIырт гугъу.

## ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

### ЛЕРМОНТОВ

ВагъуитI уи щхьэгум щызэпсалъэу
Плъэгъуахэр ноби мэуэршэр...
Тетщ гъуэгу иджыри пIэнкIыу, лъалъэу
Уи гум пхылъэтыу къежьа шэр.

Ар
Жанщ,
ГуащIэбэщ,
КъаруфIэщ -
Нэщанэ махуэ къэс къегъуэт:
ЗылъэмыIэсыр зи гур мывэрщ,
Гу пцIанэм зэи блэмылъэт.

Абы зы цIыхукъым игъэхыщIэр,
ЩытыхукIи щIыр, зэфIэкI иIэнщ:
Техуэнщ тIэкIу дэкIым си къуэм, сощIэр,
Си къуэм и къуэжри иуIэнщ...

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис

● Псалъэ шэрыуэхэр

## Улъэщмэ, ухейщ

***Щыгъын гуащэщи, ятIэ пщы унэщ.***

ЦIыхур екIуу пхуапэмэ, дахэ мэхъу, унэр тэмэму ятIэ зепхьэмэ, пщыхэм я унэм хуэдэу, бжьыфIэ мэхъу жыхуиIэщ.

***Улъэщмэ, ухейщ.***

Зыгуэрым и щхьэзыфIэфIагъым, и залымыгъэм, зэрихьэ хабзэншагъэм е захуагъэ хэмылъу судыр щIа зэрыхъуам къыхэкIыу зылъэкI мысэр хейуэ къыщIидзу, лажьэ зимыIэ тхьэмыщкIэр щыхилъафэм деж, цIыху цIыкIум ягу хэщIу къапсэлъ хабзэщ.

***Зэхэзылъхьэ зэхихыжынщ.***

ЦIыхум зэхищIыхьа Iуэхум, илэжьа щыуагъэм, н.къ. папщIэ хуэфащэр егъуэтыж.

***Мывэ щылъ и щIагъ псы щIэжыркъым.***

Уи Iэр зэтедзауэ ущыскIэ Iуэхур зэфIэкIынукъым - зыгуэр щIэн, лэжьын хуейщ. Жэрдэм щIын хуейуэ щытыкIэм къыщигъэувым деж къапсэлъ хабзэщ.

***ПащIэгъэлыгъуэ джэгу хэлъкъым.***

Iуэхур зэгупсысыпхъэщ, гузэвэгъуэ зыхэлъщ.

***Пэ зиIэм кIэи иIэщ.***

ЖаIар е нэгъуэщI зыгуэрыр ирикъуну - абдежым щыухын хуейуэ къыщалъытэм деж къапсэлъ хабзэщ.

***Уи хьэ фIэпщ и цIэщ.***

Ууейм уэ хуэпщIыж пщIэращ адрейхэм къыхуащIынур.

***Уи щхьэ - си щхьэ нэхърэ - си щхьэ гуэр.***

Зи щхьэ закъуэ Iуэхум фIэкIа нэгъуэщIым емыгупсыс цIыхум теухуащ.

**ЩАУЭ Къэлидар.**

● Щыхушхуэхэм я гупсысэхэр

## НыбжьэгъуфI, тхылъыфI, гу къабзэ

ТВЕН Марк (и цIэ дыдэр Клеменс Сэмюэл Лэнгхорнщ) америкэ тхакIуэ цIэрыIуэщ. Ар 1835 гъэм Миссури штатым хыхьэ Флоридэ къалэм къыщалъхуащ. И сабиигъуэр Миссури псым и Iуфэм Iус Ханнибал къалэ цIыкIум щигъэкIуащ. И адэр дунейм ехыжа нэужь, школым къыщIэкIри, а щIыпIэм къыщыдэкI газетым уващ тхыгъэхэр тридзэу.

Илъэс 18 - 22-рэ ныбжьым щитхэм къэралым къыщикIухьащ, иужькIэ Миссисипи псым тет кхъухьхэм ящыщ зым лоцману щылэжьащ. 1861 гъэм Твен Марк къэралым и КъухьэпIэм лэжьакIуэ макIуэ. А лъэхъэнэм абы и Iэзагъыр здынэсыр игъэунэхуну Iэмал иIащ, Вирджини-Сити къалэ цIыкIум къыщыдэкI газетым репортеру уври. Абы Марк къытрыригъэдзащ гушыIэ хъыбар зыбжанэрэ рассказхэмрэ. 1865 гъэм Европэмрэ Палестинэмрэ зыщиплъыхьыну кхъухькIэ ежьащ. Абы щыгъуэми гъуэгум щилъагъу гъэщIэгъуэнхэм ятеухуа репортажхэр газетым кърегъэхьырт. Твен а зэманым цIэрыIуэ зэрыхъуар 1865 гъэм итха, IуэрыIуатэ лъабжьэ зиIэ «Знаменитая скачущая лягушка из Калавераса» рассказырщ.

Франджым, Италием, Алыджым, Тыркум, Кърымым щыIа нэужь, США-м игъэзэжащ. 1869 гъэм абы къыдигъэкIащ «Простаки за границей» зыфIища, очеркхэр щызэхуэхьэса тхылъыр. 1872 гъэм «Закаленные» тхылъыр къыдэкIащ. Илъэсищ дэкIа нэужь, дунейм къытохьэ и рассказ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэса тхылъ - «Старые и новые очерки», абы и ужькIи нэхъыбэжым къацIыху мэхъу. А лъэхъэнэм тхыгъэ гъэщIэгъуэн куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхакIуэм.



Твен Марк

1890 гъэхэм я пэщIэдзэм щытыкIэ гугъу къихуташ Твен Марк. И тхылъ тедзапIэр фейдэншэ хъуа нэужь, нэхъ хэкъузауэ лэжьэным зриташ икIи лекцэ къеджэу илъэс псокIэ дунейр къызэхикIухьащ. Абы удынышхуэу къытехуащ и быниплIым ящыщу щыр, и щхьэгъусэ Оливие дунейм зэрехыжар. Твен абыхэм я ужькIэ къигъэщIэжа илъэсхэм итхахэр дэрэжэгъуэ къозымыт защIэщ. Езыр Конектикут штатым щыщ Рединг къалэм 1910 гъэм щылIащ.

Твен Марк и псалъэ шэрыуэхэм ящыщщ мыхэр:

- *Зыбжанэрэ псалъэ гуапэ къызжаIат си теплъэм, губзыгъагъым теухуауэ. ИкIи сытым дежи ар мащIэу къысщыхъуащ, нэхъыбэ жаIэми хъуну къэслъытэрти.*
- *Гуныкъуэгъуэ къыдэзытыр зыгуэр зэрыдмыщIэракъым, атIэ фIы дыдэу тщIэуэ къытщыхъужу дызэрыщыуэращ.*
- *Дыгубзыгъащэу зыкъытщымыхъужу, акъыл дызэрыщыщIэр ди фIэщ дывгъэгъэхъут - сыту Iуэху куэд нэхъ тыншу зэфIэкIыну итIанэ.*
- *ЩIыхьым къуит гухэхъуэм гъунэ иIэкъым, ар бгъэпщкIуфу зебгъэсэн хуей къудейуэ аращ.*
- *Зи гупсысэм лъабжьэ иIэ критик лъэщ хъур цIыхубэращ.*
- *Ущыкъуаншэм деж къыпкъуэтырщ ныбжьэгъу пэжыр, ущызахуэм деж псори уи ныбжьэгъущ.*
- *Ущыуэну узэрыхуитращ уи къэухьым зиужьынымкIэ Iэмал нэхъыфIыр.*
- *ЩIэх-щIэхыурэ къохъу и гъащIэм и кIуэцIкIэ зэи пцIы зымыупса цIыхум пцIымрэ пэжымрэ зэхигъэкIыну иужь щихьэ.*
- *Дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм къриубыдэу насыпыр зэ закъуэ и бжэм къытоуIуэ, ауэ куэдрэ къохъу ар гъунэгъу пэшым щIэсми, а макъыр щызэхимых.*
- *НыбжьэгъуфI, тхылъыфI, напэ къабзэ - мис ар гъащIэ дахэщ.*
- *ГъащIэм къыщыхъуа пэжыр зи лъабжьэ гушыIэращ куэдрэ жаIэжыр.*
- *Уэрамым дэт хьэ хьэулейр зэ IэфIу бгъашхэмэ, зэи къодзэкъэнукъым. АбыкIэ хьэмрэ цIыхумрэ зэщхьэщокI.*
- *Уи биймрэ уи ныбжьэгъумрэ зэгъусэу уигу щрауд щыIэщ. Уи бийм къыпхужиIэ псалъэ гуауэхэр уи ныбжьэгъум къыщыбжиIэжым деж аращ къэхъур.*
- *Зыгуэр умыщIэну псалъэ быдэ щыптым деж абы и ужь уихьэныр уи хъуэпсапIэ нэхъыщхьэу укъонэ.*

**ШЫПШ Даянэ.**



Щхьэц фIыцIэ зезыхьэ нэхъ пщащэ дахэхэм Урысейм иджыблагъэ щыхабжащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, уэрэджыIакIуэ Къэзан Сэтэней.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **6**. Зы бзэкIэ тхар нэгъуэщIыбзэкIэ зэзыдзэкI. **7**. Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь … Хьэсэн. **9**. Гу кIуэм … къыкIэреуд. **10**. КъардэнгъущI Зырамыку игъэзащIэ уэрэдыжь цIэрыIуэ. **12**. Гъатхэм пасэу къэлъэтэж къуалэбзу. **15**. МафIэ бзий къыдидзу уафэм къыщоуэ. **16**. Блэм и бзэгу. **18**. Къамылым къыхащIыкI алэрыбгъу, лъэгурыдз. **19**. Купкъышхуэ зэрылъ пхъэщхьэмыщхьэ. **21**. Уафэ лъащIэм къыщеджэдыхь. **22**. Къуалэбзум, джэдкъазым къатекIэ цы нэхъ пхъашэр. **26**. Ди республикэм щыпсэу уэрэджыIакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ артист. **27**. ЦIыху хьэлэл. **31**. Нартыху, ху хьэжыгъэм къыхэщIыкIа хьэлу гъэва. **32**. Нэхъапэм хамэ унагъуэм щапIу щыта сабийм апхуэдэу йоджэ. **33**. Ди республикэм щыщ район. **36**. Адыгэ композитор цIэрыIуэ. **38**. « … Iупэхущ, хуэмыху щIэращIэщ» - адыгэ псалъэжь. **39**. ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI … щощIэ. **41**. Псы Iуфэ чыцэхэм, мэкъупIэхэм щыпсэу къуалэбзу цIыкIу, щIагъуэу мылъэтэфу. **43**. ХадэхэкIыр Iисраф зыщI дзыгъуэшхуэ. **45**. Пхъэ сахуэ. **47**. УнафэщIышхуэр къуажэм кIуэри, цIыхухэм я псэукIэр зыхуэдэм … зищIащ. **49**. Зауэ зэманым фочыпэм паIуу щыта гъущI папцIэ.

***Къехыу:*** **1**. … вы бжьакъуэм къокI. **2**. Анэкъилъху. **3**. Хьэцэпэцэ къэкIыгъэ. **4**. Псы мыкуу. **5**. ПшахъуэщI. **6**. Удз тхьэмпэшхуэ. **8**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. **11**. Псыщхьэ тещтыкIа. **13**. Дыгъэ … е уэздыгъэ … **14**. Набдзэ … **16**. ГъэшхэкI. **17**. Ди щIыпIэм куэду къыщыкI пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь цIыкIу. **20**. … хиса жыгыр мэгъу. **23**. Джэдкъаз. **24**. Iэпслъэпс. **25**. ЦIыхухъуцIэ, бегъымбарыцIэ. **28**. Иротхэ, сурэт иращI. **29**. НэгъуэщIхэм хэмыгъуэщэн щхьэкIэ, джэдкъазым традзэ дамыгъэ. **30**. Генерал Дэхъу Михаил, усакIуэхэу Гъубжокъуэ Лиуан, Джэрыджэ Арсен сымэ я къуажэ. **34**. Америкэм е Японием апхуэдэ транспорткIи укIуэфынущ. **35**. Лышхуэ зытемылъ, цIыху уэд. **37**. ЩэхуакIуэр бзэрым тет сатуущIым йоупщI: «Уи тэрэзэр …?» **40**. Iэщ цIыкIу. **42**. Зи нэхэр зэблэплъ. **44**. … зэхэдзэ нэхърэ - Iыхьэ зэхэдзэ. **46**. Жьэ бзаджэ зыщIэт. **48**. Пасэрей адыгэ хъыбарегъащIэ. **50**. Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ цIыхубз хьилэшы.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



**Мэкъуауэгъуэм и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ИхъуреягъкIэ къикIухьу:*** **6**. Шувалов. **7**. Вагъуэзэшибл. **8**. Ленин. **9**. Нартыху. **10**. Хуэш. **11**. Шэшэн. **12**. Нэрыгъ. **13**. Гъэш. **14**. Шэджэм. **15**. Мылыф. **16**. Фэтыджэн. **17**. Номин. **18**. Щыхь. **19**. Хьэлъкъ. **20**. Къанж. **21**. Жуков. **22**. Вагъэмбэкъу. **23**. Къуэпс. **24**. Саут. **25**. Тощ. **26**. Щэбэт. **27**. Тхьэгъэлэдж. **28**. Уае. **29**. Ерыщ. **30**. Щыщ. **31**. Щхьэмыж. **32**. Жэпкъ. **33**. Къазмакъ. **34**. Къыр. **35**. КIарц. **36**. Цыпх.

***Къехыу:*** **1**. Къады. **2**. Болэ. **3**. Балъкъэр. **4**. Пэгун. **5**. Джэду. **26**. Щхьэм. **33**. Къатхъэн. **37**. Пшэр. **38**. Амыщ. **39**. Бзэгу.

● Шхыныгъуэхэр

## КIэртIоф зыхэлъ жэрумэ лэпс

АР ягъэхьэзырын щхьэкIэ жэрумэр зыхэвыкIа лэпсыр тIэкIу ягъэдий, дагъэр къытехыгъуафIэ хъун щхьэкIэ. Телъ дагъэр къытрахри, лэпсыр языж, шыуаным иракIэ, пэшхьэкум трагъэувэри, зэ фIыуэ къагъэкъуалъэ. Абы Iыхьэ цIыкIуурэ упщIэта кIэртIоф укъэбза халъхьэ, и щхьэр трапIэжри, мафIэ щабэм тету ягъавэ дакъикъэ пщыкIутху-тIощIкIэ. Абы бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын траудэри, шыуанышхьэр тепIауэ дакъикъитхухыкIэ щагъэт. Фалъэ куукIэ пщтыру Iэнэм трагъэувэ. ПIастэ щIыIэ е чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ дашх.

*Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*

Дагъэ зытемытыж лэпсу - грамм 500

КIэртIоф укъэбзауэ - грамми 150-рэ

Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

*Бжьын гъэлыбжьам:*

Бжьынышхьэ укъэбзауэ - грамм 50

Щэ гъэвэжауэ - грамм 40

Шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● ГъэщIэгъуэнщ

## Эдисон Томас



И къуэ цIыкIум и Iэпэр иIыгъыу гъыуэ дохутырым деж къыщIэкIыжащ бзылъхугъэр. Абы дохутырым къыжриIам и гур хигъэщIат.

- Апхуэдэ хъыбар мыгуапэ бжесIэну къысхуегъэзэгъыркъым, ауэ уи къуэм и акъылым зиужьыркъым, - жиIащ дохутырым, щIалэ цIыкIур зэпиплъыхьу упщIэ зыбжанэкIэ зыхуигъэза нэужь. ИкIи школым ямыгъэкIуэну чэнджэщ къритащ.

Бзылъхугъэр унэм къэкIуэжа нэужь, унагъуэм щIэс балигъхэр зэчэнджэщри, зи ныбжьыр нэса щIалэр япэ классым кIуэхэм храгъэтхэну мурад ящIащ, адэкIэ къэхъум теухуауэ унафэ ящIыну зэгурыIуэри. Куэдрэ пэплъэн хуей хъуакъым. Зы мазэ зэрыдэкIыу щIалэ цIыкIум и егъэджакIуэр унэм къакIуэри, адэанэм къажриIащ:

- Мы сабийр апхуэдизкIэ акъылыншэщи, школым нышIэвгъакIуэм мыхьэнэ иIэкъым!

А щIалэ цIыкIум зэреджэр Эдисон Томас Алват. ИужькIэ ар дуней псом щыщIэрыIуэ къэхутакIуэ, хьэрычэтыщIэ хъуат.

## Къэхутэныгъэм и щэхур



Америкэм щыщ щIэныгъэлI щэджащэ Эйнштейн Альберт зэгуэрым еупщIат: «Дуней псом зэхъуэкIыныгъэщIэхэр къыщызыгъэхъу къэхутэныгъэхэр дауэ цIыхухэм къайхъулIэрэ»?

- Абы зыри хэлъкъым, - итащ жэуап Эйнштейн. - Псоми ящIэ апхуэдэ къэхъункIэ Iэмал зэримыIэр. Ауэ зэрымыщIэкIэ зи гупсысэр жыжьэ нэмыс зыгуэр къыкъуокI, зыми имыщIэм щыгъуазэу. Мис арац а къэхутэныгъэщIэм пэлъэщри.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

● Фэ фщIэрэ?

## Прунжым и фIэщыгъэхэр

Прунжым лъэпкъ зэхуэмыдэхэм ирата фIэщыгъэхэр гупищу зэрыгуэшар гъэщIэгъуэнщ. ЩIэныгъэлIхэм зэратхымкIэ, прунжыр цIыхухэм, лъэпкъхэм къазэрыIэрыхьэу щытар Индием, Китайм, Персым къикI гъуэгухэмкIэт икIи а гъуэгуанэхэр сыт щыгъуи зэпэщхьэхуэт. Абы елъытагъэнкIэ мэхъу прунж къэзыгъэкIыу щыта, щымыта лъэпкъхэм яIэ фIэщыгъэ зэщхьэщыкIхэр. Мис прунжым бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ иIэ фIэщыгъэхэр:

*Япэ гупыр*

**Алыдж** - ризо

**Болгар** - ориз

**Венгр** - риз

**Герман** - райс

**Инджылыз** - райз

**Латин** - ориза

**Польшэ** - риз

**Румын** - орез

**Урыс** - рис

**Хьэрып** - рыз

**Цыджан** - резо, хорезо

**Чех** - ризе

*ЕтIуанэ гупыр*

**Абазэ** - прундж

**Адыгэ** - прунж, прундж, пындж

**Абхъаз** - прындж

**Осетин** - пырындз

**Ермэлы** - бриндз

**Куржы** - биринджи

**Къэрэшей-балъкъэр** - принч

**Лак** - пириндж

**Таджик** - прунч

**Узбек** - грунч

**Тырку** - пиринч

*Ещанэ гупыр*

**Азербайджан** - дугы

**Къумыкъу** -дугу

**Лезгин** - дюгы

**Нэгъуей (Дагъыстан)** - дугы

**Шэшэн** - дугы

**ХЬЭКЪУН Барэсбий.**

● Зывгъэдахэ

## Напэм зэрыкIэлъыплъыр

УИ напэр щIэх зэмылъэн папщIэ зыхуей хуэзэу укIэлъыплъын хуейщ. Розэ тхьэмпэ зыхэлъа псыкIэ пщэдджыжь къэс зитхьэщIыныр икъукIэ сэбэпщ. Апхуэдэ имыIэмэ, къызэрыгуэкI псыкIэ зыптхьэщI хъунущ, сабийхэм папщIэ ящэ сабын къигъэсэбэпу. ИтIанэ фэр щабэ зыщI крем зыщыпхуэу пудрэ теплъхьэж хъунущ.

Пщыхьэщхьэм сэхусэплъыр зэрыкIэрахыж зэхэлъ уиIэн хуейщ. АбыкIэ напэр плъэщIыжа нэужь, фэм зезыгъэгъэпсэху, къэзыгъэщIэрэщIэж крем зыщыбохуэ.

Напэр зыгъэдахэ зэхэлъхэр унэм щыбгъэхьэзыру зэпхьэлIэ хъунущ.

**ДжэдыкIэ кугъуэм къыхэщIыкIауэ**

*Халъхьэхэр:* лимон ткIуэпси 5, сэхуран дагъэ гъэхуэбауэ бжэмышхышхуэм и нықъуэ, псы къэкъуэлъа бжэмыш цIыкIу, зы джэдыкIэ кугъуэ.

*Зэрагъэхьэзырыр:* псори зэхыболъхьэри, зэщыщ хъуху зэIыбощIэ.

*Къызэрагъэсэбэпыр:* напэм щахуэри, дакъикъи 10 дэкIа нэужь, псы хуабэкIэ ятхьэщIыж.

**Глицерин хэлъу**

*Халъхьэхэр:* зы джэдыкIэ кугъуэ, бжэмыш цIыкIум и нықъуэ хъу глицеринрэ псы къэкъуэлъауэ апхуэдизрэ.

*Зэрагъэхьэзырыр:* псори зэхыболъхьэри, зэщыщ хъуху зэIыбощIэ.

*Къызэрагъэсэбэпыр:* напэ къабзэм щыбохуэри, дакъикъи 7-кIэ кIэрыбогъэлъ. Псы хуабэкIэ ботхьэщIыж.

**Фом къыхэщIыкIауэ**

*Халъхьэхэр:* фо бжэмышхышхуэм и нықъуэр псы къэкъуалъэм и бахъэм щхьэщыпIыгъэу богъэхуабэ, лимон ткIуэпси 5, хьэжыгъэ бжэмышхышхуэм и нықъуэ.

*Зэрагъэхьэзырыр:* псори зэхыболъхьэри, зэIыбощIэ.

*Къызэрагъэсэбэпыр:* зэхэлъыр хуабэ щIыкIэ напэ къабзэм щыбохуэ. Дакъикъи 10 дэкIа нэужь, бжьэхуцыр шэ хуабэм хэпщIэурэ болъэщIыж. ИтIанэ дакъикъэ 15 дэкIа нэужь, псы хуабэкIэ ботхьэщIыж.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Щоджэн Иннэ Щоджэн Заирэ, ЩхьэщэмыщI Изэ, Щомахуэ Залинэ, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.071 ● Заказ №1807